Іэ тедзэгъуэ иухыным къэнэжар зы махэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№125 (21.283) ● 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым

Зэпеуэм щытекІуахэр ягъэлъапІэ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 26-м КЪБР-м и Парламентым иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІуцІэм депутатхэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 30-м щигъуэм щытепсэлъыхьащ.

ЗэІуцІэм и пэщІэдзэм «Законэр кьыдэгъэкІыныжмкІэ си жэрдэмыр» фІэщыгъэцІэ иІэу мы гъэм и гъатхэпэ-мэлыжьыхь мазэхэм еджапІэхэмрэ щІэныгъэ Іуэхуащапіэхэмрэ я щІалэгъуалэм ирагъэкІуэкІа урысейпсо конкурсым щытекІуахэм саугъэтхэр иратыжащ. Абы теухуауэ кьыщыпсалъэм, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**жиІащ КЪБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ягъэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр 1938 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м хахауэ зэрыщытар, конкурсым и республикэ Іыхьэри а юбилей пІалъэм тещІыхьауэ зэрырагъэкІуэкІар. Мы зэпеуэм хиубыдэу урысейпсо жюрим республикэм кьыбгъэдэкІыу лэжьыгъэ 40 хуагъэхьауэ щытати, ди студенту, еджакІуэу 20-р конкурсым и лауреат хъуащ. УвыпІэ льагэ зыубыда апхуэдизу цІыху бжыгъэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм ящыщу зыми кьыхэкІакьым, кьыхигъэщхьэхукІащ Бечелов Ильяс.

АдэкІэ Парламентым и спикерым конкурсым щытекІуахэмрэ лауреат щыхъуахэмрэ щІыхь тхІылъэр, саугъэту юридическэ щІэныгъаэ псалъалъэхэр яритащ. Щ.Іныгъэ лэжьыгъэхуэу зэрыригъэкІуэкІым, «Законэр гъэхъэзырыныжмкІэ си жэрдэмыр» урысейпсо конкурсым щытекІуа студентхэм ящыщ куэд зэрыригъаджэм кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхІылъэр хуагъэфэщащ УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и къудамэу Налшык щыІэм и юридическэ факультетым и декан **Тхьэбысым Людмилэ**. Абы республикэм и Парламентым и депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ конкурсыр кьызэрагъэпэщыжмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІам папщІэ. Абы жиІаэр диІыгъуу зэІуцІэм кьыщыпсэльащ КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и кафедрэм и унафэщІ **Дышэкі Мурат**.

Конкурсым щытекІуаэм наградэхэр иратыжа нэужь, депутатхэм кьапэщІт Іуэхуэм тепсэлъыхьын щІадзащ.

Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэу зэрагъэувам кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и депутат **Быф Анатолий** и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщахащ.

ЗыхуэфащІэ зэхьэуКІыныгъэхэр халъхьэри, депутатхэм ещанэ кьеджэгъуэу кьащтащ «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэКІыныгъэхэм я Іуэхуки І», «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и ІуэхукІэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэКІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законэр. Парламентархэм апхуэдэу кІэуэну кьащтащ «КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр хэхьным и ІуэхукІэ», «КЪБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэКІыныгъэхэр халъхьэным и ІуэхукІэ» , «ЛІыымрэ абы и пкъыгъуэмрэ си жэрдэмыр» урысейпсо конкурсым щытекІуа студентхэм ящыщ куэд зэрыригъаджэм кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхІылъэр хуагъэфэщащ УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и къудамэу Налшык щыІэм и юридическэ факультетым и декан **Тхьэбысым Людмилэ**. Абы республикэм и Парламентым и депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ конкурсыр кьызэрагъэпэщыжмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІам папщІэ. Абы жиІаэр диІыгъуу зэІуцІэм кьыщыпсэльащ КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и кафедрэм и унафэщІ **Дышэкі Мурат**.

Конкурсым щытекІуаэм наградэхэр иратыжа нэужь, депутатхэм кьапэщІт Іуэхуэм тепсэлъыхьын щІадзащ.

Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэу зэрагъэувам кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и депутат **Быф Анатолий** и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщахащ.

ЗыхуэфащІэ зэхьэуКІыныгъэхэр халъхьэри, депутатхэм ещанэ кьеджэгъуэу кьащтащ «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэКІыныгъэхэм я Іуэхуки І», «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхуки І» КЪБР-м и Законым зэхъуэКІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законэр. Парламентархэм апхуэдэу кІэуэну кьащтащ «КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр хэхьным и Іуэхуки І», «КЪБР-м Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэКІыныгъэхэр халъхьэным и Іуэхуки І» , «ЛІыымрэ абы и пкъыгъуэмрэ си жэрдэмыр» урысейпсо конкурсым щытекІуа студентхэм ящыщ куэд зэрыригъаджэм кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхІылъэр хуагъэфэщащ УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и къудамэу Налшык щыІэм и юридическэ факультетым и декан **Тхьэбысым Людмилэ**. Абы республикэм и Парламентым и депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ конкурсыр кьызэрагъэпэщыжмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІам папщІэ. Абы жиІаэр диІыгъуу зэІуцІэм кьыщыпсэльащ КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и кафедрэм и унафэщІ **Дышэкі Мурат**.

Конкурсым щытекІуаэм наградэхэр иратыжа нэужь, депутатхэм кьапэщІт Іуэхуэм тепсэлъыхьын щІадзащ.

Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэу зэрагъэувам кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и депутат **Быф Анатолий** и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщахащ.

ЗыхуэфащІэ зэхьэуКІыныгъэхэр халъхьэри, депутатхэм ещанэ кьеджэгъуэу кьащтащ «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэКІыныгъэхэм я Іуэхуки І», «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьным и Іуэхуки І» , «ЛІыымрэ абы и пкъыгъуэмрэ си жэрдэмыр» урысейпсо конкурсым щытекІуа студентхэм ящыщ куэд зэрыригъаджэм кьыхэкІыу КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхІылъэр хуагъэфэщащ УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и univer-

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Дыгъуасэ

ГуфІэгъуэм пещэ

Мэкъуауэгъуэм и 26-м урысейм и унагъуэ» фестиваль-зэпеуэ зэхаублам дыгъуасэ пащащ икІи ЮФО-м хьихьэ щІыналъэхэм я гъэлъапІэ Театр щхьэхантІэм зыкьыщагъэлъагъуащ.

УТЫКУР зэхьэзэхуэм хэтхэм хуит хуащІи и пэкІиухуэу къекІуэлІаІэм фІэхьыс псальэкІэ захуигъэзащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Тут Заур**.

- Си гуапэу фІэхьыс фызох мы фестивалым хэтыну кьыхтхеблэгъа псоми. Гурыйуэгъуэщ унагъуэм иІэ мыхьэнэр, ар зэкъуэтмэ, къэралри апхуэдэу зэрыльэшыр. ДыгъэрыщІэныр, ди зэкъуэщ зэхъущытыкІэр нэхъри дгъэбыдэну, аращ мы Іуэху дахэр кьыщыхэтлъхьари, фІы кьытхудэкІуэну сыщогугъ. Зэхьэзэхуэм хэт дэтхэнэми и мурадымрэ и лэжьыгъэмрэ кьехьулІэну си гуапэщ, - жиІащ Тут Заур.

Фестивалым и жюрим хэтащ Урысейм и цІыхубэ артист, КЪБР-м и Къэрал филармонием и симфоние оркестрым и унафэщІ, дирижер нэхъыщхьэ **Темыркъан Борис** , «Кабардинка» ансамблым и унафэщІ **Атэбий Игорь**, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къуныжь Алим**, Урысейм и цІыхубэ Іэпщэльапщэ **Макаев Владимир**, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Щауэцікъуэ Эминат**, Щэщэн Республикэм и лІыкІуэ **Мадаевэ Хьадижэт**, Кьалмыкъ Республикэм кьыбгъэдэкІыу **Горяевэ Валентинэ**, Астрахань областым кьикІа **Бондаренкэ Иннэ**, нэгъуэщІхэр.

АдэкІэ утыкур хуит хуащІащ Астрахань областым кьикІа унагъуэм. Абы кьыкІэлъыкІуащ Ингушэ, Кьалмыкъ, Къэрэшей-Щэрджэс, Къэбэрдей-Балькъэр, Дагъыстэн, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Щэщэн республикэхэм, Ставрополь крайм, Ростов областым я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м кьыбгъэдэкІыу фестивалым хэтащ Мэкъуауэхэр, Аренгольдхэр, Унэжокъуэхэр, Кушмэзокъуэхэр, Молайхэ я унагъуэхэр. Абыхэм ягъэльэгъащ гъэзджэм и лІэужьыгъуэ зэхэумыдэхэмкІэ яІэ зэфІэкІыр.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Мэжджыт къызэІуах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ, Теберда къалэм иджыблагъэ мэжджытыщІэ къыщызэІуахащ. Гуфіэгъуэ зэІущІэм кьыригъэлІащ щІыналъэм и унафэщІ Батдыев Мустэфа, Кавказ Ищхьэрэм и мусылъмэнхэм я дин Іуэхущапіэм и тхьэмадэ Бердиев Исмэхьил-хьэжы.***

МЭЖДЖЫТЫР яухуащ шэрджэс хьэрычэтыщІэхэм ящыщ зым и мылъкурэ Теберда, Карачаевск къалэ администрацэхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ.

«Диным лъэпкъыр зэкъуигъэувэу, зэныбжьэгъуГэр игъэбыдэу аращ. Ар нэсу къыдгурыІуэу дыщытын хуейщ», - яжриІащ къызэхуэсахэм Батдыев Мустэфа.

Гъащ Іэщ Іэ яухуэ

АБХЪАЗ. ***Тенджыз фІыщІэм и хэлъу гъэ бжьамийхэр зэраукъуэдиин проектым Урысей Федерацэмрэ Абхъазымрэ йолажь. «Газ бжьамийхэр Адлер - Туапсе деж къыщежьэнущ. Ар къыдэхъулІэу щытмэ, ди щыхьэм я псэуКІэр нэхъ тынщ хъунущ. Абы нэмыщІкІэ, щыналъэм и экологиер, мэзхэр хьума хьунущ», - яжриІащ журналистхэм республикэм и Президент Бэгъэлпщ Сергей.***

АПХУЭЗЭУИ Президентым къыжигъэщащ Ингури псым тет ГЭС-р лажьэу егъэжьэнымэ теухуауэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм щытекІуа австро-германиеи фирмэм блокитхум щыщу щыр зэрызэриГъэпэщыжар, кьэнэжаитІым доллар мелуан 60 зэрытекІуэдэнур.

ЩІыналъэм кьакІуэ туристхэм, абыхэм ящыщу процент 99-р Урысей Федерацэм кьикІаэрщ, Абхъазыр фІыкІэ ягу кьинэжьын папщІэ курортхэр, санаторэхэр зыхуей хуагъэзащ, автомобиль гъэзагуэр зэрагъэпэщыжащ. Абыкьи УФ-р дэІэпыкъуэгъу Абхъазым кьыхуохьу.

Бэгъэнщ Сергей гушхуэу жиІащ гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу республикэм щыетІуанэу урыс курыт еджапІэхэр зэрагъэпэщынымрэ.

ХЬэщІыкЪуЕй Олег.

● Пресс-конференц

Мурадышхуэхэм хуоплъэ

Бахьсэн кьалэм мы гъэм и пэм къыщыхэІуаха «Волжанин-КБР» акционер обществэ зэхуэщІам мэкъуауэгъуэм и 26-м щекІуэкІащ ди къэралым и автомобилухуэ Іуэхущапіэхэм я лажьыгъэм зыубгъуауэ тетхьих хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэм я зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м промышленностымкІэ, гъэсыныпхьэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Уянаев Казим**, «Волга-Бас» компаниеи и президент, Волгоград область Думэм и унафэщІ и къудамэ **Бакулин Анатолий**, «Волжанин» автобус холдингым и унафэщІ **Бакулин Алексей**, ди республикэм гъэзгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и министрым и къудамэ **Бэрэгъун МуІэед**, Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Быф Анатолэ**, «Волжанин-КБР» ЗАО-м и тхьэмадэ **СантІыкъ Асльэн** сымэ.

Гуапэу ирагъэблагъа хьэщІэхэр заводым и цехэм еплъа нэужь, пресс-конференцыр яублащ.

«Мыр япэ лъэбакъуэу ираащ. Ильэсым и кІэм лэжьыгъэ проектыр ещанэ ильэс ирихьэлІэу ди ІэнатІэм ягъуэтынущ. Абы и фыгъэкІэ цыху 300-м нэблагъэм ІэнатІэ ягъуэтынущ. Къэбэрдей-Балькъэрыр мы Іуэхум жыджэру яужь зэрихьэрэ дэкІа зэман кІэщІым кьиутхэнэІуащ Урысейм и Ипщэ щІыналъэр транспорт тэмэмкІэ кьызэгъэпэща зэрыхьэр. Абы дыщогугъІыкІ,- жиІащ Бакулин Анатолий.

«Волжанин» компание гупым и унафэщІ Бакулин Алексей кьызэригъэльэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрыр мурадыфІхэм хуоплъэ икІи кьохъулІэ.

«Урысей Ипщэм и экономикэр нэрылъагъуу зэтоувэж. Ар куэдкІэ и фІыщІэщ федерал программэ щхьэхуэхэр зэрырыщІэм. Абыхэм увыпІэ хэха щаубыдэ промышленностым зегъэужьыным. Волгоград областымрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ а Іэнатіэм жыджэру щызэдолажьэ, дяпэкІи ди зэпыщІэныгъэхэм зедгъэубгъуну ди мурадщ», - кьохиигъэщащ автобус холдингым и унафэщІм.

Уянаев Казим журналистхэм яжриІащ «Волжанин-КБР» ЗАО-р я министерствэм зэрыхагъэхьар, республикэм и предприятэ льэщхэу «Тэрчналмэз», «Налшык вольт льагэ Іэмэпсымэ завод», «Машинэхуэу завод» ОАО-хэр зыхуей пкъыгъуэхэмкІэ абы зэрыдэІэпыкъунущ.

Пресс-конференцым щагъэнэІуащ дяпэкІэ зэгъуэсу зэлэжьынухэр икІи «За рулем», «Авто ревю», «Автопарк», «Пятое колесо», «Грузовик-экспресс», «Автотранс» журнал цІэрыІуэхэм, нэгъуэщІхэм я лэжьакІуэхэм я упщІэ куэдым жэуап иратащ.

ЗэхуэсакІэр зэІущІэ нэужьым еплъащ хьэщІэхэр кьыззэрыкІуа, Волгоград щыІэпкІральхьэу щІадза «Дельфин» турист автобусым. Ар хамэ кьэралхэм щащІ автобус ехьэжьахэм зыкІи кьакІэрыкъуркъым.

УЭРЭЗЭЙ Рашид.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *триХащ.*

Мыхьэнэшхуэ зиІэ зэІущІэ

Ханты-Мансийск щокІуэкІ Урысей - Евросоюз саммитыр. Абы кьрихьэлІащ зэгухьэныгъэм хэт къэрал 28-м яунафэщІхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм кьыщыщыпсалъэм, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий жиІащ зэрымыарэзыхэр ирыкьыуэ ирагъэзу, мы зэІущІэм кьызэрыкІар зэригулягъэр, а я Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр зэрахъуэжьым зэрищыкьэтыр. «Дэ кьытпэщытщ ди зэхуэщытыкІэхэм я лъабжьэу щытынухэм теухуа зэгурыІуэныгъэщІэ зэтщІыпІэну. Абы кьышыдгъэпльэгъуащ дызэрызэдэлэжьэным и лъэныкьуэ псори», - кьыхигъащащ Медведевым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, нэхъапэм апхуэдэ зэгурыІуэныгъэ зэращІыпІэным зэран хуэхъуу щытащ щхьэусыгъуэ зыхуэдизыр кьззыгъэув Польшэмрэ Литвамрэ. Иджы апхуэдэ лъэпощхьэпохэр щыІэжкъым.

Ханты-Мансийск лІыщхьэхэр щІыщІэзэхуэсами щхьэусыгъуэ иІэщ. Щыхьэр зыкъиэхъхэм хуэдэу мыцІэрыІуэми, ар зи кьалащхьэ щыналъэм кьыщыщІащ Урысейм и щІыдагъэм и зэхуэдитІым щигъур. Абы Европэм и дежкІэ иІэ мыхьэнэр зыхуэдизыр гурыІуэгъуэщ.

Куэдкі Іэ къыщогугъ

«Газпром» АО-м и акционерхэм я зэІущІэ екІуэкІащ.

АБы щыІэхалъхьажьащ блэкІа ильэсым Іуэхущапіэ иным зэфІигъэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэр.

Ахэр зэзрыгушхуэ зыгъэнуа. Псом хуэмыдэу зэхэкІуэну зэманым тещІыхьауэ. Псальэм и хьэтыркІэ, «Северный поток» газ бжьамий кІуапІэр яукъуидай. АбыкІэ гъэсыныпхъэ нэхъыбэ яІэ рыкьэнэу Германием, Франджым, Данием, нэгъуэщІ къэрал зыбжанэми.

Нэхъ тынщу

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Іэ тридзащ ди къэралым таможнэм пыщІа Іуэхухэр нэхъ тынщ щыщІынэм теухуа унафэм.

ІэнатІэм и унафэщІ Бельяминов Андрей зэрыжиІамкІэ, ар сэбэн хъунущ таможнэм и лэжьыгъэр ягъэфІэкІуэныжмкІэ, абы Іуфхъэ щызэмыгъэкІуэныжмкІэ.

И къулыкъум текІащ

Дунейм и нэхъ цІыху къулей дыдэ Гейтс Билл «Майкрософт» компание цІэрыІуэм и унафэщІ къулыкъум текІащ.

АБЫ ЗЭРЫЖИАМКІЭ, дяпэкІэ и гъащІэ псор триухэунущ псапащІэ Іуэхуэм, апхуэдэу дунейм и ухуэкІэр джыным. Мы зманми Гейтс псапащІэ Іуэхуэм ильэс къэс доллар мелуанищэкъэр трегъэкІуадэ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 28, *щэбэт*

♦ Украинэм и къэрал гуфІэгъуэщ - Конституцэм и маф (1996).

♦ Ильэс 60 и пэкІэ (1948) Театрым и дунейпсо институт къызэрагъэпэщащ.

♦ Урыс усакІуэ, футуризмэм и теоретик Хлебников Велимир и фэеплъ махуэщ (1885 - 1922).

♦ 1944 гъэм кьалъхуащ Дунейпсо генеалогие академием (Париж) и член-корреспондент Махъсидэ Анатолэ. 2008 гъэм ліащ.

♦ Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 26-м, кьухьэкьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 29-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 29, *тхьэмахуэ*

♦ Дунай и махуэщ (1994). Псым и Іуфэм іус къэрал 13-ми щагъэлъапІэ.

♦ Ильэс 95-рэ и пэкІэ (1913) 2-нэ Балкан зауэм щІидзащ - Болгариер Алыджым, Сербием, Черногорием ятеуащ. Иужьрейхэм ягутхьащ Румыниемрэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэмрэ. Болгариер хагъэщІащ, ауэ абы щигъэпсынщІащ Ипэ дунейпсо зауэр кьэхуеиныр.

♦ Сочи кьалэм и Іэтащхьэр хах.

♦ Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 27-м, кьухьэкьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 28-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 30, *блыщхэ*

♦ Конгэ Демократие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр хамэ ячэфэ кьыщыщІэкІа махуэщ (1960).

♦ Ильэс 15 и пэкІэ (1993) Чехиемрэ Словакиемрэ Европэм и Советым хагъэхьащ.

♦ Ильэси 100 и пэкІэ (1908) Сыбыриям щІым хъыщІетхуащ Тунгус метеорит ин дыдэр. Ар кьэуащ метр-тонн 40 и лъэщагъэ. Километр зэбгъуэзнатІэ мини 2-м нэс ирихащ.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 30 - бадзэуэгъуэм и 3-хэм Нант (Франджы) щекІуэкІынущ ЩІыхьм и хуитынигъэхэмкІэ III дунейпсо форумыр.

♦ Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 27-м, кьухьэкьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 28-рэ.

ПІалэнэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуущыгъэ:

Жэщым и дахэр мазэгъуэщ, цІыхум и дахэр акъылщ.

● Щэнхабзэ

Лъэпкъхэр зэрызэпащІэ Іэмал

Урысейм и Артийскэ комитетым 2009 гъэм лэжьыгъэщхуэ иригъэкІынущ хамэ къэралхэр псэупІэ зыхуэхьуа урысей щыхуэхэм зэпащІэным теухуауэ. Мы Іуэхум куууэ щыхэпІащ Сочи кьалэм иджыблагъэ щекІуэкІа щІэныгъэ-практикэ конференцым.

АБы КЪРИХЬЭЛІАЩ Урысейм и щІыналъэ Артком-тетхэм я лІыкІуэхэр. Урысей Артийскэ комитетым и унафэщІ Тарбоков Валерий кьыщыпсалъэм кьыхигъащащ Кавказым и щІыналъэхэм щыщу Хэкур лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зрагъэбгынахэм ядэлэжьэн мурад зэрАлэр. Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу зэІущІэм хэтащ ЮФО-м и Арткомитетым и Іэтащхьэ Бёйтыгъуэн Іэуес. Абы конференцым кьрихьэлІахэр щыгъуазэ ищІащ нэгъуэщІ кьэралхэм щыІэ адыгэхэм ильэс куэд льандэрэ зэрадэлажьэр. Абы и щапхъэу Бейтыгъуэным кьигъэльэгъуащ Тыркум, Иорданием, Сирием, нэгъуэщІ кьэралыгъуэ куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр ягъэу зэхэзэпыкъуэу щыта дунейпсо фестивалыр. Сочи щекІуэкІа зэІущІэм унафэ кьыщащтащ, Урысейм и хэхэхэм щэнхабзэ и лъэныкьуэкІэ зэрадэлэжьэным теухуауэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ЗэІущІэхэр ■ Махуэгъэзэ ■ Спорт



Щ Іэбэт кьыдокІыгъуэ

■ Ислъамым и нур ■ Малъхъэдис

● Япэ дыдэу

Дыщэхэкі хэплъыхьахэр - Налшык

Налшык дэт «Спидика-Интур» хьщІэщым балъэуэгъуэм и 3 щІыпІэ щекІуэкІынущ «Помельников. Налшык 2008» выставкэр.

АБы щагъэлъэгъуэнущ дыщэхэкІы, елэжьыныжмкІэ дуней псом щІэрыІуэ щыхъуа компанием 6-м я лэжьыгъэ хэплъыхьэр: «Алексей Помельниковым и ювелир компанием» (Санкт-Петербург) налмэс, эмаль лІэужьыгъуэхэр, мывэ льапІэхэр зэхъуІа дыщэхэкІхэр егъэхьэзыр. Помельниковым игъэщІэращІэ дыщэхэкІ лІэужьыгъуэхэр куэду зэрыІыгъуу кьыщІигъэкІырахьэм, ахэр хэплъыхьащ, зэмыщхь защІэщ. Компанием езым игъэхьэзыр хьэпшыпхэм кьищынэмыщІа, цІыху щхьэхуэхэм я лъэІуи егъэщащІэ, къэрал, лэжьакІуэ гупхэм ящІ тыгъэ лъапІэхэри егъэхьэзыр. Апхуэдэу Помельниковым кьегъэщІэрэщІэж икІи кьегъэсебэп фэберже, XIX-XX лІэщІыгъуэхэм псэуа дыщэкІ цІэрыІуэхэм я хабзэ щохуэр.

Выставкэм щагъэлъэгъуэнущ 1942 гъэм кьыззрагъэпэща «Московский Монетный Двор Гознака» компаниеи кьыщІигъэкІ, фІагъ ин зыбгъэдэль, мывэ льапІэхэмкІэ гъэщІэрэщІа швейцар сыхьэт щІэрыІуэхэм я пкъыгъуэхэр зыпкърыльэ цІыхубз, цІыхухъу сыхьэтхэр, Европей кІэрыльагъуэхэм я ювелир заводым и щІэзыхьэ уэрамым тет «Золотая Антилопа» тыкуным. ДыщэхэкІэр щІэн щІадзэн и пэ кьыхуэу екІуэкІащ республикэм и дыщэхэкІ-ювелир щІэрыІуэхэр, сату щІыпІэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр зыхэтащ Іуэ ювелир компаниемрэ ехьэжьахэм я Іэдакъэщ ЗыкІи ІэдакъэщІэкІ тельыджэхэр ди щІыхьхэм кьащхьэфын папщІэ.

ЛЪОСТЭНМуз.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьызох

Гукъыдэж къызет

УИ ЛЪЭПКЪЫМ и тхыдэм ущыгъуазэу щытынкІэ дэтхэнэми и къэзнэщ сэ къызэрыслъытэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, нужь зэманым тыкуэнхэм, тхыльэ ежапІэ хэхахэм ущрохьэлІэ адыгэхэм зэрахьэу щыта хабзэр, зэфІэкІыу яІар, ябгъэдэтъа Іуущыгъэмрэ лЫгъэмрэ, я гупсысэмрэ акъылымрэ къыщыгъэльэгъуа тхыдэ тхылъхэр. Аущ, а тхылъхэр зыІэрызыгъэхьэфыр, библиотекэхэм кІуэр мащІэщ. Абы къыхэкІыу ди блэкІам, ди нобэм и цІыху щэджащэхэу лъэпкъым хуэлажьэхэм я Іуэхущапфэхэм щыгъуазэ зызыщІыну зи нэ кьикІ псомн апхуэдэ Іэмал лІэкъым.

Абы и хэкІыпІэфІу кьысщохьу «Адыгэ псалъэ» газетыр дэтхэнэ зы унагъуэми кьыІэрыхьэнырэ. Абы и напэкІуэцІхэм кьытохуэ ди лъэпкъым ящыдгъуэгурыкІуэу щыта хабзэ дахэхэм ятеуХуа тхыгъэ купщафІэхэр. Газетым и ехьэжьахэм я Іэдакъэщ Іэкі Іхэм сыщеджэкІэ, куэдым сыхагъэгъуазэ, жыжьэ сынагъэпІыс, гукъыдэж къызатри, фІыщІэ яхузощІ. Газетыр кьыдэзыгъэкІ гупыр сэ къызэрысщыхьэр кьэхутакІуэ-кьэІуэтакІуэ институт лъэщыщ. Апхуэдэу жысІэну хуит сещІ кІуэ пэтми ефІакІуэ, ильэс куэд щІауэ си унагъуэм кьиухь «Адыгэ псалъэ» газетым.

Нэхьапэм хьэпшып цІыкІуфэкІу етхьэжьэн хуей хьумэ, газет е тхылъымпІэ гуэрым кІуэщІтщІыхьыр. Сэри апхуэдэу кьысхуихати, унэм щыІэтеть газетхэр зэздэкІащ зыгуэр кьыслхуэмыхьыу. Дэтхэнэми тетт кьыслхуэщхьэпкъыну, мыхьэнэ иІэу кьэслъытэ тхыгъэ гуэр. А псоми кьахэсхауэ щытари, ари сигу пымыкІыу, псалъэзэблэдз зытет закъыэрт.

АбыкІэ жысІэну сызыхуейращи, зи ныбжь хэкІуэтауэ пщІантІэм дэтІысхьэжахэм я псэпъэгъу къудейкъым ди лъэпкъ газетыр, атІэ нобэрей щІалэгъуалэмри куэдкІэ кьащхьэпэнущ, ди нобэм къезэгъ ущтюнэ чэнджэщрэ кьрагъуэтэнущ.

ЗэрыжаІэщи, гупыр зыгъэгупыр, абы и Іэдакъэщ Іэкі Іыр зыхуэдэнур ящэу зэпыт

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зэпеуэм щытекIуахэр ягъэлъапIэ

Бечелов Ильяс зэпеуэм къыщыхэжаныкIэ пщащэм йохьэухьу.

(КIэухыр. ПэщIадзэр 1-нэ нап.)

Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр **Афэщlагъуэ Михаил** эзIущIэм къыщыхилъхьащ «2008-2012 гъэхэм ятещIыхьа «ПсоунIэ» республикэ программэ хэхам и Iуэхукlэ» законопроектыр. Ар хуэунэтIащ псэунIэ Iэнатlэм пыщIа лэжьыгъэхэр зэпIэзэрыту зэгъгъэувэным, Iэнатlэм зегъэужьным, КЪБР-м и цIыхухэм папщIэ уасэкIэ зыпэлъэщIын унэхэр ухуэным.

Мы программэр гъэзэщIэным, къызэралытэмкIэ, сом мелуан 24087,82-рэ теIуэдэнущ. Бюджет мылькуу абы щори зэхэту хальхьэну сом мелуан 1217,8-мэ щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 462,0-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 717,8-рэ, муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэм сом мелуан 38,0-рэ къызкlэгъэкIынущ. Бюджетым щымыщ хэкIыпIэхэм я хьэкlэ сом мелуан 22870,02-рэ къызэщIагъэуIуэну я мурадщи, абы щыщу сом мелуан 20232,92-р цIыхухэм я уней ахьшэу зэхуахъэснущ.

Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, республикэм 2012 гъэм нэсыкъу узыщIэс мыхъужьму унэ ящи щакъутэнущ, уней ухуэныгъэр, общежитхэмрэ жьы хьуа унэхэмрэ зэрызэрагъэпэщыжьнур хэту, псэупIэу метр зэбгъуэнатIэ мелуани 2,5-рэ щIыпIыну.

Зэуэ къеджэгъэнтIу кlащтащ «2007-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ унагъащIэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэм КЪБР-м и Законым. Мы документым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр теухуащ программэм хэтыну хуитыныгъэ зиIэхэм я ныбжьыр илъэс 35-м нэсу къызэраIэтым. Апхуэдэу зэрахъуэкI программэм хэтхэм ират субсидиехэм щыщ Iыхьэу 2008 гъэм щыщIэдзауэ федеральнэ бюджетым кыхэкIыу ахъуэтIыплщу къызэрабж щыкIэр. ЯпэкIэ ягъэуваУ щыта процент 15-м и пIэкIэ ар дяпэкIэ хахьнущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дэтхэнэ цIыхуми бюджет ахъшэу хуэзэм тещIыхьауэ. Апхуэдэу зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIаэхэр хальхьэ республикэ бюджетымрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэмрэ кьахэкI ахьшэр зэрытрагъуашэ щIыкIэмэ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джэш ФатIимэ депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Унагъуэр, анэр, адэр, сабийр хьУмэ» цыхьэ и Iуэхукlэм. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 16 статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектыр. Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, мы документым и 16 статьям дыщIагъэуж сабий зиIэ щIыпIэ цIыхухэм зэрадзIэпыкъу ахъшэм зэрыхагъахъуэ щIыкIэр зыгъэбелджылы IуэхугъуэщIэ.

ЗэIущIэм щIэгъуэуащ 2008 гъэм и апэ кварталым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм и отчетым. Доклад ищIащ КЪБР-м финансхэмкIэ и министр **Бышэн Азрэт.** Абы кьинэхьэгъуащ а зэманым кьрыпублику хэхъуэхэр къызэщIэгъэуIуэныкъэ Iуэрэ Iуэныкъэ зэрыгъэуащ. Мы программэр гъэзэщIэным, къызэралытэмкIэ, сом мелуан 24087,82-рэ теIуэдэнущ. Бюджет мылькуу абы щори зэхэту хальхьэну сом мелуан 1217,8-мэ щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 462,0-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 717,8-рэ, муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэм сом мелуан 38,0-рэ къызкlэгъэкIынущ. Бюджетым щымыщ хэкIыпIэхэм я хьэкlэ сом мелуан 22870,02-рэ къызэщIагъэуIуэну я мурадщи, абы щыщу сом мелуан 20232,92-р цIыхухэм я уней ахьшэу зэхуахъэснущ.

Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, республикэм 2012 гъэм нэсыкъу узыщIэс мыхъужьму унэ ящи щакъутэнущ, уней ухуэныгъэр, общежитхэмрэ жьы хьуа унэхэмрэ зэрызэрагъэпэщыжьнур хэту, псэупIэу метр зэбгъуэнатIэ мелуани 2,5-рэ щIыпIыну.

Зэуэ къеджэгъэнтIу кlащтащ «2007-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ унагъащIэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэм КЪБР-м и Законым. Мы документым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр теухуащ программэм хэтыну хуитыныгъэ зиIэхэм я ныбжьыр илъэс 35-м нэсу къызэраIэтым. Апхуэдэу зэрахъуэкI программэм хэтхэм ират субсидиехэм щыщ Iыхьэу 2008 гъэм щыщIэдзауэ федеральнэ бюджетым кыхэкIыу ахъуэтIыплщу къызэрабж щыкIэр. ЯпэкIэ ягъэуваУ щыта процент 15-м и пIэкIэ ар дяпэкIэ хахьнущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дэтхэнэ цIыхуми бюджет ахъшэу хуэзэм тещIыхьауэ. Апхуэдэу зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIаэхэр хальхьэ республикэ бюджетымрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэмрэ кьахэкI ахьшэр зэрытрагъуашэ щIыкIэмэ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джэш ФатIимэ депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Унагъуэр, анэр, адэр, сабийр хьУмэ» цыхьэ и Iуэхукlэм. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 16 статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 16 статьям дыщIагъэуж сабий зиIэ щIыпIэ цIыхухэм зэрадзIэпыкъу ахъшэм зэрыхагъахъуэ щIыкIэр зыгъэбелджылы IуэхугъуэщIэ.

ЗэIущIэм щIэгъуэуащ 2008 гъэм и апэ кварталым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм и отчетым. Доклад ищIащ КЪБР-м финансхэмкIэ и министр **Бышэн Азрэт.** Абы кьинэхьэгъуащ а зэманым кьрыпублику хэхъуэхэр къызэщIэгъэуIуэныкъэ Iуэрэ Iуэныкъэ зэрыгъэуащ. Финанс дэпкьыкъуныгъэхэр хэмыту кьыщIэмэ, хэхъуэмкIэ планыр процент 94,8-кIэ ягъэзэщIащ (сом мин 1083712-м и пIэкIэ сом мин 1027651-рэ ныкъахащ). ПланкIэ ягъэувауэ щыта сом мин 3583912-м и пIэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэщIэхэр зэрыхъуар сом мин 2966422-рэщ е процент 82,8-рэщ. Мы илъэсым и ящэ кварталыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кварал щIыхэр сом мелуан 830,8-рэ хъуэу иухащ.

ЯпэкIэ кварталым кьрикIуаэм ящкь иткIэ бюджетым и ахъшэу кьамыгъэсэбэну кьэнар сом мелуан 852,3-рэ мохьу. Ар кьызыхьэкIар 2008 гъэм щыщыIэм и 1-м ирихьэлIэу федеральнэ субвенцэу, субсидиеу кьамыгъэсэбэнауэ сом мелуан 361,1-рэ зэрыщыIарщ, языныкъэу федеральнэ субсидиехэм ящыщу илъэс пэсым республикэм кьыIэрыхьэн хуейкэр ящэ кварталым кьызэрыхуагъэхьарщ, апхуэдэу дотацэм хиубыдэу зэхъуэкIа пасэу кьаIэрыхьа ахъшэм щыщу сом мелуан 605-р кьэрал щIыхуэр гъэмэщIэныкъэ щыщIэсыпхъащ КЪБР-м лэжьыгъэр социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт.**

Абы зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэр хуэмэныкIэ кьэрал политикэм и унэтIныныгъэ и хьыщIыкъэр зэщIыгъуу пхагъэкI кьэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, лэжьапIэ зытхэм, профессионалнэ союзхэм, Республикэм и муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, министерствэхэм я нэхъыбэм щыгъэхалъхьащ лэжьыгъэр зыкъэрыззрагъэпэщыр, ар зэрахъуэгъэ егъэфIэкIуэным теухуа планхэр. Доклад зыщIам кьыгъэлъэгъуащ лэжьыгъэр хуэмэным пыщIа Iуэхухэр нэхъыбэ Iуэ кьызэгъэпэщыным теухуа епIыныгъэхэр-конкурсхэр предприятэхэм, Iуэхуцабгъэхэм зэрыщкIуэкIыр. Ахэр сэбэп мэхъу лэжьапIэ Iэнатlэхэм Iутхэм фэбжь ямыгъуэтыныжмкIэ, цIыхухэм я гъащIэмрэ уэзышагъэмрэ щынагъуэ кьытемыхьэнымкIэ.

Министрым кьинэсэхьэм дыщIигъужащ КЪБР-м лэжьыгъэмкIэ и кьэрал инспекторэр нэхъыщхьэ **Мэремкьуэ Арсен.** Абы жиIащ лэжьапIэ Iэнатlэхэм я кьызэгъэпэщыкIэмрэ абыхэм щыIэ щытыкIэхэмрэ гъэбелджылыным теухуауэ Iуэхущапlэ 44-м аттестацэ зэрыщекIуэкIар. А лэжьыгъэм кьигъэлъэпхъуащ Iэнатlэхэм я зэхуэдитIым нэблагъэм щIыхэм и узышагъэм шынагъуэ кьытезэгъэнэну. Iуэхуэхэр зэрыщIэр. ЛэжьыгъэмкIэ заседательствэм кьигъэувэхэм ємызэгъэ щыIыкIэ зэдэщIэ Iэнатlэхэр иджыри куэд мэхъу. МыхъумыщIагъэ нэхъыщхьэхэм ящыщыгъ Iуэхуэщапlэхэм я унафэщIхэмрэ Iэщlагъэлъэхэмрэ щыIэ хабзэхэм тету лэжьыгъэр хуэмэным щIыкIэмкIэ имыIэу зэрыхуарамыгъаджэр, лэжьапIэ зытхэр щыIэ хабзэхэм тету техническэ Iэмал тэмэмкIэ щыкIэзэгъэпэщыным, производствэм и Iэнатlэхэм щыIэ Iэмэпсымэхэр щынагъэнэщэу кьэгъэсэбэпыным зэрымытуГыр. Апхуэдэу лэжьаКIуэхэр фэбжьхъэм щыхьхьэмэ Iэмэпсымэхэмрэ щыгъыпIэхэмрэ я фIагъым арэзы укьищIыркьым, абыхэм зыхуэфащэ сертификатхэр щамыIэ урохьэлIэ.

Доклад зыщIам кьызэриГъэлъэгъуамкIэ, лэжьапIэ Iэнатlэхэм кьыщыхьуа насыпыншагъэу 12-м щыщу 2-м щыхуэхэр хэкIуэдащ. Абыхэм папщIэ кьуанщагъэ зыбгъэдэлъу кьалъхьэ кьулыкьущIэу 165-рэ административнэ жэуапым ирихьэлIащ. Мэремкьуэ Арсен къигъэлъэгъуащ законодательствэр кьызэрызэпаудым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Абыхэм ящыщщ хозяйствэ зезыхьэ субъект куэдым я экономикэ, финанс щытыкIэр зэрызэгъэзэщIым. Абы теухуауэ зэIущIэным зэрыгъэзэщIэным хуэунэтIа ведомствэ кIэлъыплъныныгъэр зэрыгъэзэтIэсхьар, зыхуэфащэ Iэщlагъэлъэхэм правовой щIэныгъэ нэгъэса зэрамыIэр.

Доклад зыщIам жаIаэр кьалыытэри депутатхэм кьащтащ Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ кьыхаугъэхьаэр кьызыхэщ унафэ.

ЗэIущIэм нэгъэущI Iуэхуэхэми щытепсэлъыхьащ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэм и унафэщI.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 1-м

♦1931 гъэм Къэбэрдей-Балькэрым кьеджэжьэрэ тхэжьэрэ егъэщIэн лэжьыгъэм щыщIадзащ.
♦1957 гъэм Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдей езым фIэфIу Урысейм эзрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м и гъуэджэмрэ щэнхабэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэм и иужь концертыр.
♦1981 гъэм КЪБР-м и цIыхуфэ усакIуэ **Кlыщокьуэ Алим** СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и секретарь хахащ.
♦**Архитектурэм и дунейпсо махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 2-м

♦1556 гъэм Астрахань хьаныгъуэр Урысей къэралыгъуэм хыхьащ.

♦Илъэс 95-рэ ирокьу зэщдзэж усакIуэ **Гъуэщокьуэ Хьу-син** кьызэралухуэр. 1983 гъэм дунеим ехьажащ.
♦1964 гъэм «Къэббалькъэгъэ» трестыр кьызэрагъэпэщащ.
♦1990 гъэм КПСС-м и XXVIII иужь дыдэ съездыр кьызэIуахащ.
♦**Спорт жуналистым и дунейпсо махуэщ.**
♦**Кооперативэм я дунейпсо махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 3-р

♦**ГАИ-м (ГИБДД-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 4-м

♦1916 гъэм Урысейм и тенджьиз кхъухьлъатэзехуэхэр Балтий тенджызым и щIыпIэм щекIуэжа хьэуа зауэм щытекIуащ.
♦**Урысейм и зауэ-тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 5-м

♦1930 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ШIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд.**
♦1943 гъэм Курск дежь щекIуэкIа зэхуэуэшхуэм щIидзащ.

БЭДЗЭУЭГЪУЭМ и 6-м

♦1557 гъэм Къэбэрдей езым фIэфIу Урысейм гухьащ.
♦1957 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр ептуанэу кьызэрыратам.
♦**Тенджызы, псы флотым и лэжьакIуэхэм я махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 7-м

♦1687 гъэм Ньютон Исаак кьихуатащ дунейпсо зыщIэныгъэ зэрыщыIэр.
♦И ныбжьыр илъэс 80 ирокьу тхакIуэ, фольклорист, литературовед цIэрыIуэ, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур.**
♦1971 гъэм КъБР-м и цIыхуфэ усакIуэ **Кlыщокьуэ Алим** СССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу хахащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 9-м

♦1959 гъэм Налшык и Театр Щхьэантlэм Пятницкэм и цIэр зезыхьэ къэрал академическэ хорым и концерт щекIуэжащ.
♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокьу УФ-м и цIыхуфэ артистэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Ника» саугъэтыр зэрата **Ахъуэджакlуэ Лие.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 10-м

♦1918 гъэм Советхэм я V Урсейпсо съездым РСФСР-м и Конституцэр (апэ Совет Конституцэр) кьыщтащ.
♦1922 гъэм кьалъхуащ Къэрэшей-Щерджэсым и цIыхуфэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим.**
♦Къэбэрдей-Балькъэрми Къэрэшей-Щерджэсми щIыхь зиIэ артистхэ, уэрэджэлакIуэ щIидзэ **Щерджес Iэсият** кьыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 11-м

♦1958 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтыж щхьэхъэ.
♦1987 гъэм дунеим ехьажу щыпсэур мелардэ 5 ирикьуащ.
♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокьу КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал музыкэ театрым и дирижаКIуэ **Къуныжь Алим.**
♦**ЦIыхухэм я хэхъуэныгъэм и дунейпсо махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 12-м

♦1641 гъэм Астрахань хьаныгъэм Балькъ и деж щригъэжьэжа зауэм зэжьэщащ Къундет зэшхэр Елдарр.
♦1927 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэмэ КЪБР-м щIыхь зиIэ я сурэ тыщI **Тхьэкlуащ Михаил.**
♦1947 гъэм кьалъхуащ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгэ Республикэм и Президент Тхьэкlуащэ Ахьмэдэрэй.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 13-м

♦1908 гъэм Лондон кьыщыIэзIуахащ апэ дыдэу цIыхуфэхэр зыхэта IV Олимп Джэгухэр.
♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) кьызэрыIуахащ футболымкIэ апэ дунейпсо зэпеуэр, кьэрал 13-я и командхэр щыхэтар. Абы Уругвайм и топджэгуэхэр чемпион щыхьащ.
♦**Урысей пощтым и махуэщ.**
♦**Бдзэжьеящым и махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 14-м

♦1860 гъэм Урысейм и Къэрал банкыр кьыIэрагъэпэщащ.



♦1945 гъэм Париж Текlуэныгъэм и парад щекIуэжащ. Ящэ итхэм яхэтт Франджым и Iыхьэшхэ **Хьэгъунджокьуэ Едыджи ихьу Елмэсхьан.**
♦1957 гъэм Налшык щекIуэкIащ СССР-м иц лъэпкъхэм я тхакIуэхэр зыхэта пшыхь гъэщIэгъуэн.
♦1965 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым уэрэдыдмрэ кьафэмкIэ и къэрал ансамблыр кьафэмкIэ «Кабардинка» ансамблу зэрахъуэкIащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 15-м

♦1812 гъэм урысыдзэр Наполеон и дзэм зэрыпотекIуам и щIыхькIэ салют ятащ.
♦1939 гъэм Бахьсэн, Аруан, Iуащхьэмахуэ, Май куейхэм район газетхэм кьыщыдзкIыу щIадзащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 16-м

♦622 гъэр муслымэн махуэгъэпсым и щIэдзапIэщ. Ислъамым и кьежьапIэщ. Мухьэмэд Бегьымбарыр Мэчъэм икIри Мадинэм кIуащ.
♦Сурэтыщ1 **Болэт Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 17-м

♦1918 гъэм Романовхэ я пащтыхь унагъуэр Екатеринбург щауIкIащ.
♦1942 гъэм Сталинград зауэм щIидзащ.
♦1945 гъэм ЕтIуанэ дунейпсо зэрыгъэтхэныгъэр кьыщызыIуа зыIуа кьэралхэм я Iэтащхьэм я Берлин (Потсдам) конференцыр кьызэIуахащ.
♦1967 гъэм Аруан куейм Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым (Арщыдан) Ленин орденыр кьратащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 18-м

♦1941 гъэм **Къардэн Къубатий** апэ фашист кьхъуьлъатэр кьриудыхащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 19-м

♦1903 гъэм лъакъуэрыгъажэ-кIэ апэ дунейпсо зэпеуэр екIуэкIащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 20-м

♦1924 гъэм дунейпсо шахматэ федерацэр кьызэрагъэпэщащ (ФИДЕ).
♦**Шахматхэм я дунейпсо махуэщ.**
♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокьу адыгей Республикэм и Iуэхуэдзжмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург **Кlуинкьуэ Налбий.** 2007 гъэм дунеим ехьажащ.
♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокьу сабий усакIуэ **Афlэунэ Лиуан.**
♦**Металлургым и махуэщ.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 21-м



♦1561 гъэм **Идар Темрыкьуэ ипхьу Гуащэ»** чыриг тин диныр кърагъэщтащ, Марие щэрэ фащащ.
♦1829 гъэм адыгэлI **Хьэшыр Чыларяп**э дыдэу Iуащхьэмахуэ и кIыхьIпIэ зыныкъуэм и щыгум дэкIащ.
♦1969 гъэм американ астронавт **Армстронг Нил** Маззм и щхьэфэм яп дыдэу теуващ.
♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал Гербыр, Къэрал Пащтыр, Къэрал Гимныр къащтащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 22-м



♦1914 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубз усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, УФ-м и КЪБР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кlыщокьуэ Алим.** 2001 гъэм дунеим ехьажащ.
♦Илъэс 80 ирокьу Къэрэгъэщ къуажэм и колхоз пашэм и тхьэмадзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Iэбубэчыр Нажмудин** кьыIэрахьурэ. 1987 гъэм дунеим ехьажащ.
♦1945 гъэм Къэбэрдей АССР-м и щакIуэ хозяйствэр кьызэрагъэпэщащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 24-м

♦1940 гъэм кьалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балькъэрми Абхъазми я цIыхубз артист, и композитор цIэрыIуэ **Даур Асльэн.** 1999 гъэм дунеим ехьажащ.
♦1944 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, критик, литературовед, фольклорист, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 25-м

♦1472 гъэм адыгэ кхъухь 24-рэ тенджыз ФIыцIэм зэпырыкIри, Тыркум теуауэ щытащ.
♦1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущ гъуэр уэ зэфIэгъэувэжьын яухащ.
♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокьу Адыгэ Республикэм и къэрал лэжьакIуэ, ежьагъэшхуэ, журналист **Кlэрашэ Тембот и кьуэ Асльэнбэч.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 27-м



♦1841 гъэм Псыхуабэ пэгъунэгъу Мэшыкьуэ бгы льапэм и деж уэрыт тхакIуэшхуэ **Лерикьлаи** щаукIащ.
♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр мэкъумэщ академиер кьызэIухащ. 2007 гъэ лъапдэрэ абы КIуэкIуэ Валерий и цIэр зэрехьэ.
♦1991 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и президент кьулыкъур щагъэуващ.
♦**Урысейм и Зауэ-тенджыз флотым и махуэщ.**
♦**Сатум и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 28-м

♦1586 гъэм Европэм япэу кIэрпIофыр кьыращащ.
♦1957 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Москва щекIуэжа дунейпсо фестивалым и лауреат хъущ.

МЫ МАЗЭМ:

♦1913 гъэм Зэщхьэ зэщIэхьееныгъэр екIуэкIащ.
♦1913 гъэм **Сихьу Сэфарбий** и «Черкесские мотивы» тхылъыр кьыдэкIащ.
♦1918 гъэм Тэрч щIынальэм ис лъэпкъхэм я еплIанэ съездыр Владикавказ щекIуэкIащ.
♦1958 гъэм Налшык «Сабий дуней» тыкуэнкIэ кьыщызэIуахащ.

МЫ ГЪЭМ:

♦Илъэс 215-рэ и пэкIэ (1793) Къэбэрдейм льэпкъ хеящIэ кьыщыIэзрагъэпэщащ.



♦Илъэси 125-рэ и пэкIэ (1883) кьалъхуащ адыгэ щIэныгъэлI, Щоджэнщыкlуэ Алий и егъэзэкIуэ **Щlагъуэ Нурий.**

Зыгъэхъэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Махуэгъэпс

Дызыхуэкlуэ мазэм

●Мэкъумэш IэнатIэм

Къэхутэныгъэ нэхъыфIэр

Белгород щIынатым щызэхэт Борисовскэ гъавжэкI компанием и Iэнатlэхэм бдзэуэгъуэм и 5 - 7 махуэхэм щекIуэкIыну «Урысейм и гуфIэгъуэм и махуэ-2008» етхуанэ выставкэр.

УРЫСЕЙМРЭ нэгъуэщI кьэралыгъуэхэмрэ я лIыкIуэу 250-рэ зыхэтыну выставкэм щагъэлъэгъуэнущ мэкъумэшым елэжь щIэныгъэлIхэм я кьэхутэныгъэ нэхъыфIхэр: щIыхь гъэмэну кьэгъэсэбэныкIэ щIыпIэ щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэхэр, Урысейм рэхмэ я кьэралхэмрэ кьыщыщIагъэкI мэкъумэш техникэхэр. Ди республикэм щыщу инженер нэхъыжьку, ОБЖ-мкIэ егъэджакIуэу.

ЗэрыхущIэмыхьэм зэхуэдэу, илъэс зэхуэмыдэхэм абы патентымкIэ бюром ирет и кьэхутэныгъэхэм я тхьытхэр икIи я нэхъыбэр пхегъэкI.

Куп Абдулчэрим ухуэныгъэщIэхэм гулъытэщхуэ яхуищIыр. Абы и фIыщIэ хэпъу пIалъэ кIэщIкIэ районым щызэфIагъэхуащ. Курыт ерджапIи 4-рэ сабий гъэсапIи 3-рэ. Ар хуэфащэу хэпIыфIыхьащ Булунгу кьуажэм дежи Зэщджмысым лъэмыж щытралъхьэм. 1983 гъэм къызыIэ псыдзэ щына-гъуэр Куплым и проектIэ ящIа а лъэмыжым пальэщIакьым, адрейхэр псори тихиаху щытащ.

IэхуфкI куэд илэжьащ Абдулчэрим, ауэ нэхъ дзэныхьэрыкъэхэтIыныгъэхэр. Абы кьиугупсысащ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэ кьыщыхьуэм деж уэз зэтетхэм щIэсхэр, кьхъуьлъатэзехуэхэр кьезыгъэ, автомобиль щэрэхъэм я гулъэфыр езыгъэфIакIуэ Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщI куэдри. Абы и Iэдакъэм кьхъуэтэныгъэ 27-рэ кьыщIэкIащ, гупсысэ узышIуэу кьыхилъхьар 40-м ноблагъэ.

Зы зэман Къэбэрдей-Балькъэрым щыцIэрыIуэу щытащ къэуаткIуэхэмрэ рационализаторхэмрэ я Союзэпсо обществэм и республикэ къудамэр. ГъащIэм кьигъэнэIуащ мы Iэнатlэр кьыдэхьажьи зэрыхуейр. Ар фIыуэ кьызыгурыIуэ, зи ныбжьыр илъэс 80-м нэсзэрыхьэсэ Куп Абдулчэрим нобэ а Iуэхум жьыжэру йолэжь.

ПОЛИЩУК Иван.

● Мэкъуауэгъуэм и 28-р Къэхутакlуэмрэ рационализаторымрэ я махуэщ

Ноби жыджэрщ

ЗЕИКIУЭ курыт школым и еджакIуэ Куп Абдулчэрим зэрыщыкIуэр техникэм дихьэхырт икIи физикэ предметым пищI щыIэтэкъым. А илъэсхэм Iэджэм тегушхуэрт, куэдым зрипщытырт. Я пщIантIэм зыгуэрэр щищIырт, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр и щхьэм кьэкIырт.

Физикэм итхьэхуэ, техникэм и щэхухэм гу хуэзыщIа нобжьыщIэр зыхуэпабгъэр аращ, школ нэхъыщхьэ, 1947 гъэм, пединститутым и физико-математикэ факультетым щIотIысхэз.

Абы зэрыщIэсу кьеугупсыс псы ежьэ хуэ щыкIуэм я кьарур кьэбгъэсэбэныкIэ. 2008 гъэм нахьыбэм и 30-м КЪБР-м Тарифхэмкlэ и кьэрал комитетым кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ тарифхэм хагъахъуащ. IуэгупщIэр зэуэ кьамыIэтын папщIэ ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа тарифхэм дызыхуэкIуэ финанс гъэ хьэпс хагъахъуэуэрэ ирагъэкIуэкIыну траухуащ.

Налшык кьалэм щызекIуэ жылагъуэ транспортым и тарифхэм маршрутхэм тет таксихэм папщIэ илъэси 3,5-рэ, автобусхэмрэ троллейбусхэмрэ папщIэ - илъэси 2,5-рэ гъэндэрэ зэпгъэжакъым. 2006-2008 гъэхэм кьурыбыдэу, УФ-м Экономикэ зыужьныгьэмрэ сатумкIэ и министерствэм зэригъэувамкIэ, индекс-дефляторыр хуэдэ 1,5-рэ мэхъу.

КъБР-м Тарифхэмкlэ и кьэрал комитетым зыхуэфащэ заключенэ хунтхащ «Налшык кьалэм пассажирхэмрэ хьэтъэмрэ кьызэрыщIащIкI тарифхэм я Iуэхукlэ» Налшык кьалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм и администрацIэм и унафэм и проектым. А документыр кьыщыхальхьэнущ советым и сессием.

«Спартак-Налшыкыр» щыджэгунур ягъэIэпхъуэ

Санкт-Петербург щыIэу бадзэуэгъуэм и 9-м ар «Зенитым» IущIэнущ

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦIЭМ и Премьер-лигэмэхэр кьамдэхэм ирагъэжьащ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, бадзэуэгъуэм и 1-м «Спартак-Налшыкыр» Санкт-Петербург и «Зенитым» дэдзэгъэн хуэсакI, ауэ иджыблагъэхьыбар кьызэрыIэрыхьамкIэ, ар ягъэIэпхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр Урысей Федерацэр Европэ чемпионатым и финалым и Iыхьэ ныкъуэм зэрикIарщ. ЗэрытщIэщи, «Зенитым» и щIалэ зыбжанэ къэралым и командэм хэтщ, Аршавин Андрей я пашэу. Абы кьыхэкIыу Санкт-Петербург и клубым и тренер нэхъыщхьэ Дик Адвокат Урысей Футбол зэгухьэныгъэм (РФС) елъэIуащ «Спартак-Налшыкым» драгъэкIуэкIыну зэIущIэр щызэхэтыну махуэр нэхъ жьакIэ ягъэIэпхъуну. Абы и щхьэусыгъуэу къигъэлъэгъуар чемпионатым щыIа футболистхэм зэхьэзэхуэм зыхуэзэхыжьыр икIи абыхэм загъэпсэхужьи зэрыхуейр. РФС-м «Зенитым» и лъэIур хуищIащ икIи «Спартак-Налшыкым» щыдджэгуну мафэр бадзэуэгъуэм и 9-м ягъэIэпхъуащ.

Ди «Спартак-Налшыкым-кIэ» кьэдгъэзэжьынщ, командэм и спорт директор Зарукий Александр кьызэрыджIамкIэ, Нартэнэ щекIуэкIа зыгъэсэнныгъэм хэта, Бразилием щыщ щIалэ гъущIащхьэ Лео, серб Динчич (ари гъуащхьаущ), гъущащхьэт Нигматулин Руслан сымэ я Iуэхум мыгувэу хэпIэнущ. Псори зэхэту футболистхэм якIэлъопIэ икIи ди командэм кьыдэIэпыкъуфынэ кьалъытэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIыкIынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Исламым и нур

● Зы Іэятым и дерсхэр

Гуэныхьышхуэхэм защыфхъумэ

Алыхьталэм жиІащ: «Езым зыри Іыхьэгъу хуэвмыщІ; адэ-анэм фахуэфІэрафІэ; тхьэмыщкІагъэм кьыхэкІыу фи бын фымыукІыж - Дэ ахэри фэри фытПІынщ».

(«Іэл-МаИдэ» сурэ, 151-нэ Іэят)

Ибн-Хьэббасу Тхьэр арэзы зыхуэхьуным зэрыжиІамкІэ, мы Іэятыр ящыщщ зэІуБзу, зи дерсхэр зэхьэжЫныгъэншэу щытхэм, ФІыщІагъэ лъапІэм и анэу пльытэ хъунухэм.

Іэятым кьыхоцІ Алыхьым кьищыІэмыщІауэ нэгъэущІ зыгуэрым ухуэщыхІ Іэрымыхъунур. Зэгуэрым Ибн-Мэсхьуд Тхьэм и лІыкІуэм еупщІат «Сыт хуэдэ гуэныхьра нэхъ ин дыдэр?» - жиІэри. Бегьымбарым мыпхуэдэ жуаап кІуритащ: «Гуэныхьхэм я лейр укъэзыгъэщІа Алыхьым нэгъуэщІ зыгуэрыр хуэбгъэдэнырщ».

Апхуэдэ гуэныхьыр кьыпхуэмыгъунщ. Алыхь Закъуэм фІэкІа нэгъуэщІ тхьэ гуэрым ухуэмыщщылІынир кьэпльытэ хъунущ мафІэм укъеэзгъэлыфыну Іуэхуфу икІи ар исльам диным и унэр зытещІыхьа лъабжьэ быдэу.

Мы Іэятым кьалэн кьытщещІ адэ-анэм сыт и лъэныкъуэкІи фІыуэ дахуэщытыну, дыкъэзыльхуахэм зэи и эмысынщагъэ едмыпэсхыну, я жагъуэ дымыщІыну.

ФІыщІагъэ лъапІэм итщ мыпхуэдэу: «Уи Тхьэм унафэ ищІащ, Езым нэмыщІ, нэгъуэщІым фыхуэмышцылІыну, фи адэ-анэм фІыуэ фахуэщытыну. Я зыхэзыр е тІри жьы хъуаугъ кьыпхуэнэмэ, кьохэлъэкІыу кьащумыгъэхъу икІи уи щхьэр яхуэгъэлъахьщ, Іэдэбу епсалъэ…ИкІи жьІэ: «Уэ си Тхьэ, мыбыхэм гущІэгъу кьахуэщІ, сыщыщІыкІым сызэрапІам хуэдэу».

(«Іэл-ІисраИил», 17-нэ сурэ, 23-24 Іэятхэр).

Зэрытлъагъущи, Алыхьталэм зэрипхащ Езым хьэрэмыгъэншэу хуэжьІэщІэнымрэ адэ-анэм пщІэ яхуэщІынымрэ, а Іуэхугъуэхэм я мыхьэнэр зэрыпинур кьыхигъэщу, абыхэм дазэрыхуэсакьыным дыхуриджэу. КъурІэн Іущым блэнёрэ кьыщокІуэ адэ-анэм тэмэму дазэрыхущытыпхъэм тегуха дерсхэр.

БынщынэмыщІауэ, кьаІуэтэж Тхьэм и лІыкІуэм жиІауэ мы псалъэхэр: «Унэхъуаи зи адэ-анэр жьы хьэхункІэ къыбгъэдэса пэтрэ жэнэтыр кьэзымылэжьыфар».

Куэдым эращІэщи, унагъуэр кьаралым и лъабжьэщ. Ислъамыр хущІокъуу кьэралыр быдэ зэрыхъуным, абы ис цІыхухэр зэгурыІуэу, я хуитыныгъэхэмрэ кьалэнхэмкІэ зэпыщІауэ, нэмыс зэхуаІэу зэрызэдпсэуным. Алыхьталэм бынхэм адэ-анэр фІыуэ я лІыагъэн хуейуэ зэрахуигъэувам хуэдэу, адэ-анэм кьалэн я щищІащ я бынхэм фІыуэ я кІэльыплъыну, гъэсэныгъэфІ иратыну, арыншамэ гуэныхь инхэр кьыгъэрахьынур яжриІэри.

Алыхьым гуэныхьышхуэхэм яхилъытащ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм кьыхэкІми, уи быныр букІыжыныр. Сабийхэр укІыныр бгъэзэхуэн хуейуэ я кьзыгъэув щхьэусыгъуэ гуэрм мы дунейм теткъым.

Алыхьым и тыгъэ нэхьыфІхэм ящыщщ «ІбдІэкІэ цІыхухэм я кьагъэрыгъуэпсар. ФІыкІыу зрагауэ фІыщІэ зэмыщІам и нэ-щхьэнэщ зи сабийхэм дыджу яхущытхэр, ахэр зыкІыкІ (зыгъэкІуэдыж) зэрыщІэр.

Тхьэм дыщихьумэ апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэм.

ПІЩЫХЬЭПІЭ ЛатІиф,
диным и лжьакІуэ.

● Къуэкіыпіэ хъыбархэр

Пщіыхьэпіэ телъыджэхэр

Егъэджакіуэм кьысхуІуэтэжар

Жэщ гуэрым пщІыхьэпІэу слъэгъащ был ЛъагэдыдэМ сыдэкІуейуэ. ЗыслЭтмэ-зыслІэтупэ, Мазэм пэгъунэгъуБзэ сьыщыхьум, си баШыр абы хэзукІэри, Іыхьитіу зэгуэсщыкІащ. ИтІанэ, пшэ хэр кьыхэщІэскъуэурэ, Мазэм есшэкІыу щІэздзащ, ар зэгуэзэгъпщЭжьыну си мураду.

Жейм сыкьыхэщтыкІри, си нэгу щІэкІаІэр зыхуэсхьынур сымыщІэу сыгупсы-сэурэ, ерагъпсэрагъыу нэху згъэщІри, пасэ дыдэу сыхуебгъэгъащ си ныбжьэгъуфІ, тхьэгурымагъуэу куэдым ялытэ Хьэсэн. СызыгъэпІейтІейр хуэсІуэта нэужь, Хьэсэн, нэфІэгуфІэу кьыхэуащиящ:

- Умыгузавэ. Уи кьулыкъуКІэ лъагэу зыпІэнынущ.

- Дэнэ щыпщІэрэ?

- Сэри ущыкІольэгъуащ си пщІыхьэпІэм. Мухьэмэд бегьымбарым и ныбжьэгъуэм ящыщ зым сепсальэрэт. Гъунэгъу дыдэ зыкІыкІхуещІри, кьызоупщІ:

- Дунэджий уи цІыхугъэхъэ?

- ИтІэ, - жьзоІэ, - цІыхух хъарзынэщ.

- Ар фи кьалэм и Іэтащхьэ хъунущ. Тхьэм хуелъэІу, и щхьэгъуэм дипжкІэ и жагъэ имыщІынуи схужеІэж.

Сыкьэуша нэужь, кьызгурыІуащ си нэгу щІэкІар пщІыхьэпІэ купщІэншэ хэм зэращымыщыр. «Пщэдей сыкІуэнщ я унэми, жесІэжьынщ: - мурад сщІат. Ауэ сяпэ укъьиири, укъысхуэкІуащ. Сэ кьызэрызгурыІуэмкІэ, аращ уи пщыхьэпІэри зытеухуар - кьулыкъуфІ зэрыбгъуэтынурщ. Ауэ уи щхьэгъуэмэи хуэжакъ.

ЗэжетІаэр зыми хуимыІуэтэну сеГьэІури, ди унэм сыкІуэжащ. ТІэкІу-тІэкІуурэ кьызгурыІуэжащ си щхьэгъуэм сызэрепхьэшэкІыр. Абы фІыуэ сыхущытыну, тыпгъ лъапІэ хэр хуэсщІу щІэздзащ.

Ауэрэ екІуэкІыурэ, зы илъэс нахьдэмыкІауэ, ди кьалэм кьокІуэ эмирым и чэнджэщхэр.

Кьэпщытэныгъэ гуэрхэр кьызэрегъэпсэщ, ныкъуасныгъэ зыкьом кьзыщІегъэщри, ди кьалэм и тетыр треху. Зауэл докІри, кьалэм и Іэтащхьэу сагъэув. Апхуэдэу зэрыхьунур сэ илъэс и пэкІэ Хьэсэн тхьэгурымагъуэм кьызжиІакІэт.

Лэкъумхэм я кьарур

- КхъыІэ, уи лэкъумхэм я хьыбарыр Мурат хуэІуатэ, ущІегъуэжьынкъым, - Нурбий кьзыщІельэІуи, зыгІэкІуэ зриІъэфыхьами, Джэфар и ныбжьэгъур хуэгъэщІэхьуакъым.

- Хьыбарышхуэуи щыткъым ар, - жиІащ Джэфар. - СызэрыщІыкІуэ хьэл-щэн схуэхъуащ пщыхьэщхьэм зы лэкъум згъэтІылъыныр. Нэху дыкъызэрекІыу, си анэм, псапэ щІэным хуэжьыдэржти, си гъэтІылъыгъэр пщІантІэм дихьиурэ, факьырэхэм яритырт. Нобэр кьызэдэсым дыбгъынакъым а хабзэр. Аращ зэрыхъурри.

- ГъэщІэгъуэныщІэ кьызжеІащ, - и щхьэр игъэсхьасащ Мурат, зэрыпІейтеяр нэрылъагъуу. ИтІанэ, зигъэпсэчэуІури, и псальэхэм якьапищІащ. - ПщІыр сыткІэ щхьэпэ, фІыуэ усльагурэгъкым нэхьапэхэм, Джэфар. Фэ Іей уэспІыпт. Іэмал згъуэтмэ, узгъэпшынэнут, тезыр ткІийхэр кьыптрезгъэлъхьнут. Вэсэмахэу, жэщу, сольагъу мыпхуэдэ пщІыхьэпІэ - дыщиэзэрихьэІат гъуэгу пхыдза гурым. Си унафэкІэ си гъусэхэм я щабзэхэр кьыптрагъапсэ, шабзэшэхэр кьыптрагъэльэльэу щІадзэ. Уэ, ущынэу, лъэныкъуэ зебгъэзырыкъым, лэкъум пІащэшхуэ хэр кьызыкъуэпхьурэ, мэІуху телъыджэу кьыптпыбогъьув, кІуэ пэтми нэхъ лъэщ уохьу, дызэрыптемыкІуэнур икІэм-икІэжьм кьыдгурОІуэри, дыкъыщІыбогъэІэж. Алыхьыр си щыхьэтщ, си гум Іей лъэпкъ пхуиПъыжжкъым!..

Мурат, знухенжэр, Джэфар гьнэгъу дыдэ зыкьызхущІащ, и щхьэр игъэщхьри, ину кьеЬльІуащ:

- Кьыхсэгъэгъэ!..

ЕпщІыжакІуэм кьыщыщІар

ЗекІуэ кьикІыжа си кьуэшым и унэм сыкІуат, псэууэ кьызэрыкІуэжам, и бийр зэрыхигъэщам папщІэ сехъуэхъуну. Сольагъу: си кьуэшыр щысщ кьэщхьей дыдэу, зи жажалыр кьъэсам ещхьу. Езым сеупщІыну сытемыгушхуэу, ди щыпхъум зыхуэзогъаоз: «Сыт кьэхъуар?»

- Кьэхъуагъэшхуэ щыІэкъым, - кьызет жэуап ди щыпхъум, - пщІыхьэпІэ телъыджэ ильэгъуащи, мэгузавэ мыгъуагъэ гуэр кьыщыщынкІэ.

- Ди бегьымбарым зэрыжиІамкІэ, - игу фІы хуэсщІну сыхэтщ си къуэшым, - пщІыхьэпІэ Іей зыпхъэгъуар, нэгъуэщІ ящыщ ди унэмкІэ зигъаозу, щэнейрэ Тхьэм елъэІуи Хуейщ шейтІаным щихьымэну, итІанэ Іэфпу женинущ.

- Ар сэри сощІэ, - и щхьэр кьиІэтащ си кьуэшым. - ПщІыхьэпІэу сльэгъуар Мухьэмэд бегьымбарыщ. Абы кьызжиІащ мыпхуэдэу: «Уи псалъэм уепщІыжащ, щІыхь жейр букІащ». Сыкъэушри, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ зызгъэзащ. Тхьэм сельэІуащ шейтІаным сыщихьэмну, щІэх дыдэуи сыІурихьжащ. ЩІэрыщІэу сольагъу пщІыхьэпІэу Мухьэмэд бегьымбарыр, Ар кьызоупІ: «Уи псалъэм уепщІыжащ, щІыхь жейр букІащ». Аргуэру пІэныкъуэкІэ зызогъаозри, Тхьэм сольэІу шейтІаным сыщихьэмну, сожеиж. Ауэ, аргуэрыжьыти, си нэгум кьыщІоувэ бегьымбарыр. Ар кьызоупІ: «Уи щхьэр, сыепщІыжакІуэ хуроку». Алыхьым фэ фщІэ псори ельэгъу».

«Фэ сэджытыр наІуэу вгуэшмэ, ари дэгъуэщ, ауэ щэхуу тхъэмыщІэм яхуэфащІмэ - фэркІэ ар нэхъыфІщ, ар поув къемызэгъуу фщІам: Алыхьыр щыгъуэзащ фэ фщІэ псоми».

«Зи мылъкур жащуи махуэуи, щэхууи нахуэуи зыгъэІуІуздхэм абы кьыпэкІуэр я Тхьэм деж щагъуэтыжынущ; абыхэм щынагъуи нэщхьтеІэгъуи ялъагъуныжьыну».

«Алыхьым ахъшэтелъхьэ (процент зыщІагъу мылъкур) егъэжащІри сэджыт зыхэкІыр егъэбагъуэ. Алыхьым илъагъу хуэркъым дэтхэнэ гуэныхьыщІэ джаурри».

- ФІэрэфІагъэм зэи унэсынукъым, уи гум кьыщІитхъым щыщ умыгъэкІуэдмэ. Фэ сыт вгъэкІуэдуи, ар Алыхьым ещІэ.

«Алыхьым кьарита фІыгъуэм тегужьеикІхэм кьаФІремыщІ ар я дежкІэ фІыуэ. Хьэуэ, ар абыхэм я дежкІэ мыгъуэуЗ! Абыхэм Кьемэт махуэм (хьэзабу) кьапщІихьхьэжьнущ а зытегужьеикІахэр. Алыхьым щІэину кьыхуэнэжьнущ уафэри щІыпІэри. Алыхьым щыгъуэзащ фэ фщІэ псоми».

«А мэузам жэр жьыхэнмэ мафІэкІэ яГъэпльынурэ, я тхыщІэм нэпкъыжьэ кьытрадзэнущ: «Мис фи щхьэм хуэвгъэщІкІуар, вгъэнащкІу иджы а фхъумар», - жаІэурэ».

«Абыхэм ящІэркъэ Алыхьым и пщыгІхэм я тобэр зэраІихьр, я сэджытыр кьаФІ зэрищІыр, Алыхьым зэгурігъэгъуар, Ар зэрыгъэмахэр!»

«ЕхьулІащ мыІуминхэр: зи гур Іэсэу нэмэз зыщІхэр, псалъэ нэдэм зыщыхьэщдэйхэр, сэджытыр зытхэр».

«Нэмэз фщІы, сэджытри хэвгъэкІ, лІыкІуэми фхуэзжьыІэдАуэ, Алыхьым гуГъуІэгъу кьыфхуищІыну фыхуейИмэ».

«Ижеіэ: «Си Тхьэм и щыхьэхэм щыщу зыхуейИм и Іыхьэр хуегъэбагъуэ, зыхуейИмм хуегъэмащІэ. ФІыкІэ сыт бгъэкІуэдми, Езым кьзвитыжынущ, Ар тэхэм я нэхъыфІщ».

«Алыхьри я лІыкІуэри фи фІэщ фщІы, фи ІэмащІэ кьрилъхьэми сэджыт хэвгъэкІ. Фэ фщІыщу Іиман зиІэу (зи мылъкум) хэзытыкІахэм псалэшхуэ кьахь».

Зи мылъкум Іыхьэ наІуэ кьыхихыу, лъэІуакІуэмрэ тхьэмыщкІэмрэ ебгъэтхэр... щІыхь яІэу жэнэтым исынущ».

Іэятхэр кьызэхтхар: Іэл-Бакъэрэ сурэ, 254, 261, 264, 265, 271, 274, 276 Іэятхэр; Іэл-Хьимран сурэ, 92, 180 Іэятхэр; Іэ-Тэубэ сурэ, 35, 104 Іэятхэр; Іэл-минун сурэ, 1-4 Іэятхэр; Іэн-Нур сурэ, 56 Іэятыр; Іэс-СэбэІ сурэ, 39 Іэятыр; Іэл-Хьэдид сурэ, 7 Іэятыр; Іэл-Мэгъэридж сурэ, 24-25 Іэятхэр.

«Сэджыт» тхыльым къитхыжащ.

● Нахуэун щэхуун

Сэджытым теухуа КъурІэн Іэятхэр

«Уэ Іиман зиІэхэ, ерыскъы фэттам фІы хэфщІыкІ, гуэныхьыр упшыныж щІымыхъу, ныбжьэгъуи кьыпщІхьэщыжьыни щыщымыІэж махуэр кьэмыс щІыкІэ».

«Зи мылъкур Алыхьым щхьэкІэ зыгъэкІуэдыр хуэдэщ щхьэмыжьиблу кьыхэкІа жьлэм, щхьэмыж къэскІэ хьэдзищэ илъу. Алыхьым щхьэж зэрыхуэфащэкІэ мылъкур хуегъабгъэрелмыщІ ар я дежкІэ фІыуэ. Хьэуэ, ар абыхэм я дежкІэ мыгъуэуІ! Абыхэм Кьемэт махуэм (хьэзабу) кьапщІихьхьэжьнущ а зытегужьеикІахэм. Алыхьым щІэину кьыхуэнэжьнущ уафэри щІыпІэри. Алыхьым щыгъуэзащ фэ фщІэ псоми».

«А мэузам жэр жьыхэнмэ мафІэкІэ яГъэпльынурэ, я тхыщІэм нэпкъыжьэ кьытрадзэнущ: «Мис фи щхьэм хуэвгъэщІкІуар, вгъэнащкІу иджы а фхъумар», - жаІэурэ».

«Абыхэм ящІэркъэ Алыхьым и пщыгІхэм я тобэр зэраІихьр, я сэджытыр кьаФІ зэрищІыр, Алыхьым зэгурігъэгъуар, Ар зэрыгъэмахэр!»

«ЕхьулІащ мыІуминхэр: зи гур Іэсэу нэмэз зыщІхэр, псалъэ нэдэм зыщыхьэщдэйхэр, сэджытыр зытхэр».

«Нэмэз фщІы, сэджытри хэвгъэкІ, лІыкІуэми фхуэзжьыІэдАуэ, Алыхьым гуГъуІэгъу кьыфхуищІыну фыхуейИмэ».

«Ижеіэ: «Си Тхьэм и щыхьэхэм щыщу зыхуейИм и Іыхьэр хуегъэбагъуэ, зыхуейИмм хуегъэмащІэ. ФІыкІэ сыт бгъэкІуэдми, Езым кьзвитыжынущ, Ар тэхэм я нэхъыфІщ».

«Алыхьри я лІыкІуэри фи фІэщ фщІы, фи ІэмащІэ кьрилъхьэми сэджыт хэвгъэкІ. Фэ фщІыщу Іиман зиІэу (зи мылъкум) хэзытыкІахэм псалэшхуэ кьахь».

Зи мылъкум Іыхьэ наІуэ кьыхихыу, лъэІуакІуэмрэ тхьэмыщкІэмрэ ебгъэтхэр... щІыхь яІэу жэнэтым исынущ».

Іэятхэр кьызэхтхар: Іэл-Бакъэрэ сурэ, 254, 261, 264, 265, 271, 274, 276 Іэятхэр; Іэл-Хьимран сурэ, 92, 180 Іэятхэр; Іэ-Тэубэ сурэ, 35, 104 Іэятхэр; Іэл-минун сурэ, 1-4 Іэятхэр; Іэн-Нур сурэ, 56 Іэятыр; Іэс-СэбэІ сурэ, 39 Іэятыр; Іэл-Хьэдид сурэ, 7 Іэятыр; Іэл-Мэгъэридж сурэ, 24-25 Іэятхэр.

«Сэджыт» тхыльым къитхыжащ.

● Зы Іэятым и дерсхэр

Гуэныхьышхуэхэм защыфхъумэ

Алыхьталэм жиІащ: «Езым зыри Іыхьэгъу хуэвмыщІ; адэ-анэм фахуэфІэрафІэ; тхьэмыщкІагъэм кьыхэкІыу фи бын фымыукІыж - Дэ ахэри фэри фытПІынщ».

(«Іэл-МаИдэ» сурэ, 151-нэ Іэят)

Ибн-Хьэббасу Тхьэр арэзы зыхуэхьуным зэрыжиІамкІэ, мы Іэятыр ящыщщ зэІуБзу, зи дерсхэр зэхьэжЫныгъэншэу щытхэм, ФІыщІагъэ лъапІэм и анэу пльытэ хъунухэм.

Іэятым кьыхоцІ Алыхьым кьищыІэмыщІауэ нэгъуэщІ зыгуэрым ухуэщыхІ Іэрымыхъунур. Зэгуэрым Ибн-Мэсхьуд Тхьэм и лІыкІуэм еупщІат «Сыт хуэдэ гуэныхьра нэхъ ин дыдэр?» - жиІэри. Бегьымбарым мыпхуэдэ жуаап кІуритащ: «Гуэныхьхэм я лейр укъэзыгъэщІа Алыхьым нэгъуэщІ зыгуэрыр хуэбгъэдэнырщ».

Апхуэдэ гуэныхьыр кьыпхуэмыгъунщ. Алыхь Закъуэм фІэкІа нэгъуэщІ тхьэ гуэрым ухуэмыщщылІынир кьэпльытэ хъунущ мафІэм укъеэзгъэлыфыну Іуэхуфу икІи ар исльам диным и унэр зытещІыхьа лъабжьэ быдэу.

Мы Іэятым кьалэн кьытщещІ адэ-анэм сыт и лъэныкъуэкІи фІыуэ дахуэщытыну, дыкъэзыльхуахэм зэи и эмысынщагъэ едмыпэсхыну, я жагъуэ дымыщІыну.

ФІыщІагъэ лъапІэм итщ мыпхуэдэу: «Уи Тхьэм унафэ ищІащ, Езым нэмыщІ, нэгъуэщІым фыхуэмышцылІыну, фи адэ-анэм фІыуэ фахуэщытыну. Я зыхэзыр е тІри жьы хъуаугъ кьыпхуэнэмэ, кьохэлъэкІыу кьащумыгъэхъу икІи уи щхьэр яхуэгъэлъахьщ, Іэдэбу епсалъэ…ИкІи жьІэ: «Уэ си Тхьэ, мыбыхэм гущІэгъу кьахуэщІ, сыщыщІыкІым сызэрапІам хуэдэу».

(«Іэл-ІисраИил», 17-нэ сурэ, 23-24 Іэятхэр).

Зэрытлъагъущи, Алыхьталэм зэрипхащ Езым хьэрэмыгъэншэу хуэжьІэщІэнымрэ адэ-анэм пщІэ яхуэщІынымрэ, а Іуэхугъуэхэм я мыхьэнэр зэрыпинур кьыхигъэщу, абыхэм дазэрыхуэсакьыным дыхуриджэу. КъурІэн Іущым блэнёрэ кьыщокІуэ адэ-анэм тэмэму дазэрыхущытыпхъэм теухуа дерсхэр.

БынщынэмыщІауэ, кьаІуэтэж Тхьэм и лІыкІуэм жиІауэ мы псалъэхэр: «Унэхъуаи зи адэ-анэр жьы хьэхункІэ кьыбгъэдэса пэтрэ жэнэтыр кьэзымылэжьыфар».

Куэдым эращІэщи, унагъуэр кьаралым и лъабжьэщ. Ислъамыр хущІокъуу кьэралыр быдэ зэрыхъуным, абы ис цІыхухэр зэгурыІуэу, я хуитыныгъэхэмрэ кьалэнхэмкІэ зэпыщІауэ, нэмыс зэхуаІэу зэрызэдпсэуным. Алыхьталэм бынхэм адэ-анэр фІыуэ я лІыагъэн хуейуэ зэрахуигъэувам хуэдэу, адэ-анэм кьалэн я щищІащ я бынхэм фІыуэ я кІэльыплъыну, гъэсэныгъэфІ иратыну, арыншамэ гуэныхь инхэр кьыгъэрахьынур яжриІэри.

Алыхьым гуэныхьышхуэхэм яхилъытащ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм кьыхэкІми, уи быныр букІыжыныр. Сабийхэр укІыныр бгъэзэхуэн хуейуэ я кьзыгъэув щхьэусыгъуэ гуэрм мы дунейм теткъым.

Алыхьым и тыгъэ нэхьыфІхэм ящыщщ «ІбдІэкІэ цІыхухэм я кьзыгъэрыгъуэпсар. ФІыкІыу зрагауэ фІыщІэ зэмыщІам и нэ-щхьэнэщ зи сабийхэм дыджу яхущытхэр, ахэр зыкІыкІ (зыгъэкІуэдыж) зэрыщІэр.

Тхьэм дыщихьумэ апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэм.

ПІЩЫХЬЭПІЭ ЛатІиф,
диным и лжьакІуэ.

● Хьэдисхэр

Муслъымэнхэм я нэхъыфІыр

♦Алыхьым и щІасэщ (мащІэм куэдми) эзпымыууэ ялэжь дин Іуэхухэр.

♦Жьыхьэнмэ мафІэм гува-щІэхами кьыхахъэжьынущ зэ закъуэ нэмрэ хьэкъуми, «Лаиллахъэ Іиллэлахъ» («ЩыІэжьым тхьэ, Алыхьым фІэкІа») жызыІар, сабэ наІуэ щІыкІунитІэм хуэдизми, фІэщхьынугъэ зиІар.

♦Иманым (фІэщхъ унигъэм) иІэщ щхьдамэу у 60-м щІигъу. Жьыгъэ абыхэм ящыщ зыщ.

♦Алыхьыр фІыуэ ильагъу щІыхум нэхъыбэу зэрыхуэупсэр фІэщхьынугъэкІэщ.

♦ЩІыхум и гум псэухункІэ щІыжьжьыхрыкьым лъагъунугъэмрэ фІыкІэ гугъэнымрэ.

♦Муслъымэнныгъэм щыщщ умыщІыхум ерыскъыр зэ псалъэ щІабзэкІ уахуэзгъэнкІэр.

♦Іиман зиІэм фІэфІщ езым кьыльэІэс фІыгъуэм хуэдэ и кьуэш (шыпхъу) муслъымэным кьехъулІэнщ.

♦БэитІщкьытІым и нэщэнэ нэхьыщхьэхэр щы мэхьу: зыгуэр кьыщыпхуиІуатэкІэ, пщы кьыпхуеупс; укьингъэгугъэмэ, укьетэпщІэж; уи дзакьыр ебгъэзэмэ, ухущІрегъэзыжж.

♦МуслъымэнкІэ уэздж хьунур зи бзэмрэ зи ІэужьхьэмкІэ нэгъуэщІхэм зэран яхуэмыхъурщ.

♦Жьыхьэнмэм эсынухэм ящыщ зыр зэраЛъагъуу, ар зыщІыхуу щытахэр, кьэуІэбжьынурэ, щІэупщІэнущ: «Мы Іэнатэр щхьэ кьыпльагъэса? Уэратэхэ» фІы длэжьыпхьэу. Іейм зыщытхъумапхъэу кьыщжезыІэу щытар?» «Сэра мыгъуэт, - ж эуап кьитынущ мафІэм игъэгуІэм, - ауэ, нэгъуэщІхэр сущІийм, сэ езым си гъащІэр зэгъэІуащ мы-хьумащІагъэхэм сыкъэту».

♦Зи жагъуэ ящІырей цІыху лажьэнщэм утемыгуплІэ: абы и лъэІур (гыбзэр) Іыхьэм кьых уещІэ.

♦«КъУлейсыщ щхьэгъуэсэнщэ цІыхухъур» - щыжиІэм, бегьымбарым и гъуэсэр кьеупщащ: «И Іуэр мылъкуКІ беймя?» «ИтІэ, - и щхьэр ящІащ Іхъэм и лІыкІуэм, - кьуГлейсыщ лІы зимыІэ бзыльхугъэри, и ужьм хьуГъуэфІыгъуэр щІэзми».

♦Дунейр убгынэми, умышынэ, мыпхуэдэ хьэл-щэнхэр пхэльамэ: дзыхь кьуагъэзар бгъэпэжамэ, пцІы щыбупса кьзмыхьуамэ, цІыхухэм ахуэгъэупамэ, ныбаблэу ущымытамэ.

♦Хьыбарыпщ1ХЭ кьезыьхьэкІымрэ бзэгуцэмрэ жэнэтым яГъэкІэнукъым.

♦Муслъымэнхэм я нэхъыфІыр зи ІэужьхьэфІхэр нэхьыбэрщ.

Зэхуэзыхьэсар
ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадинщ.

● Пщіэну щхьэпэщ

Адыгэбзэм кьыхыхьа хьэрып псалъэхэр

Хьалиф (хьэрып. хьэлифэт; урыс. халиф). Мухьэмэд бегьымбарым и ужькІэ мусЛъымэн кьралъгъуэхэм я пашэу, унафэщІу щытахэр: Іэбу-Бэкир, Гьумар, Хьусман, Хьэлий, изгъэущІхэри.

Хьутбэ (хьэрып. хьутбэ: урыс. правовед). Жумхьэ, хьид нэмэзхэр зыщІынухэм я пащхьэ Іимамым щит уаз; кьэпсэльэныгъэ.

Чэбэ (хьэрып кэхьб; урыс. Каабэ). Мэчэ кьалэм дэт Хьэрэм мэжджытышхуэм и кум ит уиэ льапІэр. Нэмэз щащІкІэ мусЛъымэнхэм я гупэр ЧэбэмкІэ ятыжаз.

Чэрим (хьэрып. Кэрим; урыс. эпитет Аллаха: щедрый), Алыхьыр ирагъэльапІэу абы и щІэм пагъэувэ псалъэ, «зи фІыгъуэр мыкІуэщІ, жумарт» мыхьэнэ иІэу.

● Фи лъэІукІэ

Бадзэуэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пицэджыжьыр	Дыгъэр кьышыщІэкІыр	Щэджагъуэр	Ичьыдыр	Ахьшэмыр	Жасыр
1, гъубж	3.58	5.29	13.20	17.26	20.51	22.31
2, бэрэжьей	3.59	5.29	13.20	17.26	20.51	22.31
3, махуэку	3.59	5.30	13.20	17.26	20.51	22.30
4, мэрем	4.00	5.30	13.20	17.26	20.51	22.30
5, щэбэт	4.01	5.31	13.20	17.26	20.50	22.30
6, тхъэмахуэ	4.01	5.32	13.21	17.26	20.50	22.30
7, блыщхь	4.02	5.32	13.21	17.26	20.50	22.29
8, гъубж	4.03	5.33	13.21	17.26	20.49	22.29
9, бэрэжьей	4.03	5.34	13.21	17.26	20.49	22.28
10, махуэку	4.04	5.35	13.21	17.26	20.49	22.28
11, мэрем	4.05	5.35	13.21	17.26	20.48	22.28
12, щэбэт	4.06	5.36	13.21	17.26	20.48	22.27
13, тхъэмахуэ	4.06	5.37	13.22	17.26	20.47	22.26
14, блыщхь	4.07	5.38	13.22	17.26	20.47	22.26
15, гъубж	4.08	5.39	13.22	17.26	20.46	22.25
16, бэрэжьей	4.09	5.39	13.22	17.26	20.45	22.25
17, махуэку	4.10	5.40	13.22	17.26	20.44	22.24
18, мэрем	4.11	5.41	13.22	17.25	20.44	22.23
19, щэбэт	4.12	5.42	13.22	17.25	20.43	22.22
20, тхъэмахуэ	4.12	5.43	13.22	17.25	20.42	22.22
21, блыщхь	4.13	5.44	13.22	17.25	20.41	22.21
22, гъубж	4.14	5.45	13.22	17.25	20.40	22.20
23, бэрэжьей	4.15	5.46	13.22	17.24	20.39	22.19
24, махуэку	4.16	5.47	13.22	17.24	20.38	22.18
25, мэрем	4.17	5.48	13.22	17.24	20.38	22.17
26, щэбэт	4.18	5.49	13.22	17.23	20.37	22.16
27, тхъэмахуэ	4.19	5.50	13.22	17.23	20.35	22.15
28, блыщхь	4.20	5.51	13.22	17.23	20.34	22.14
29, гъубж	4.21	5.52	13.22	17.22	20.33	22.13
30, бэрэжьей	4.22	5.53	13.22	17.22	20.32	22.12
31, махуэку	4.23	5.54	13.22	17.22	20.31	22.11

Къэбардей-Балъкъэрыр и муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм кьыдигащ

Адыгэхэр КъурІэн йодж. *Сурэтыр XIX лІэщыгъуэм ящІащ.*

● УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сын дахэхэр кхъэм щыдгъэувыпхъэ?

- ЛІэныгъэм куэдрэ уегупсысын хуей?

- Хуейщ. Иман зиІэ цІыху пэжкэм кьэгъуэ жаІэу щытащ мыпхуэдэ псалъэхэр: «ЛІэныгъэр кьэгъуэ зигу кьэзыгъэкІым и кІоХьулІэ, и гур мэпсэху, и кьалэнхэр нэхъ тэмэму егъэзащІэ».

- «ЛІэкІафІэ хъуащ» е «лІэкІей хъуащ» - жаІэу зэхьдох. Сыт а псалъэхэм кьарыкІыр?

- ЛІэкІафІэм и нэщэнхэр зыкъом мэхъу. Псалъэм папщІэ, апхуэдэу плыьтэ хьунущ мэрем пщыхьэщхьэм зи псэ хэкІа мусЛъымэныр, дин хабзэхэр зыгъэзащІэурэ зи дунейр зыхьар, псым итхьэлар, мафІэм хисхьар, уз щхьэхуэхэр (емынэ, тало, жьэн, ныбэ уз хуэдэхэр) зыпкьрытар, и динир е и гъащІэр зыхъуэмэхуэр кьыкІар. ЛІэкІей1уэ дунеим ехьыжауэ нэхъ зыхуэжьпІэ хъунур дин хабзэхэр зымыгъэзэщІа-хэрщ, гуэныхь Іэджэ кьэзыхьахэрщ.

- Адыгэ псалъэжьым идэркъым хамэ хьэдэр бгъенныр. Абы теухуауэ сыт ислъам диным жиІэр?

- Лъэпкъ хабзэфІхэмрэ динымрэ зэныкъэжькъуркъым. Диным игъэдахэркъым, уеблэмэ уи Іыхьлыхэр Іуикіей-щыкІейуэ бгъеныр. Ди бегьымбар лъапІэм зэрыжиІагъащи, Алыхьым хьэзаб кьыпттрилъхьэркъым уи нэпсхэр кьыщІэжкІэ е уи гур нэщхьейкІэ, ауэ хьэзабыр кьатохуэ зи бзэгум хуимытыжу мыхьун Іэджэ кьызыжькъэдэкІхэм.

Цыхуэр лІэрэ махуищ дэкІа нэужь, ар уи нэпсхэр кьелъэлъэхьэу щІэбгъеизжьи щыІэжьым. Шэрихьэт хабзэм кьыззэригъэувымкІэ, бзыльхугъэр, и щхьэгъуэр дунейм ехьижа нэужь, щыгъуэн зэрыхуейр мазиплІэ махуипщІрэщ. Адрей Іыхьлыхэр, благъэхэр щыгъуэн зэрыхуейр махуищ.

- Хэт «щэхьид» зыхуежаІэр?

- Шэхьиду ялытэ Алыхьым и гъуэгум тету лІар, хъунщІакІуэхэм яуклар, лажьэ зимыІэу залымыгъэм ихьар. Шэхьидыр джэбыным кІуэщІыпхьэзэрыхьым. Абы и джэбыныр и щыгъынращ. Ямы

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Лъэпкъ шхыныгъуэкэр

Джэд лыбжьэ

ДЖЭДЫЩІЭ гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэу и зэрыпыІэкІэ зэпкърах. Бжьын упщІэтар жьэпхъалъэ кууклэ е шыуанкІэ тхьу гъэвзжа е тхъуцІыкІэ щІэлъу мащІэу ягъэлыбжьэ, зыхуеИм хуэдизу шыбжий плъыжь халъхьэ. Жьэпхъалъэм джэд зэпкърыхар иралъхьэ, шыгъу хадзэри, фІыуэ зэлащІэ. И щхьэр трапІэжри, хьэзыр хьухукІэ мафІэ мыгуащІкІэ ягъажьэ, кІэрымыжьэн щхьэкІэ зэрагъэдзэкІыурэ. ИтІанэ шатэ щІакІэри, и щхьэр техауэ дакъикъи 7 - 10-кІэ кьагъавэ. АпщІондэку гъэдэ хьэжыгъэпс зэхащІэ. Абы малъхьэ джэдгъи, шыгъу. А псори зэхэту джэд гъэжьам щІакІэж. Аргуэру дакъикъэ зыбжанэкІэ кьэтрагъэкъуэлъэкри, мафІэм кьэтрахьж.

Шыпс майе пщІынмэ, хьэжьагъэпс ухуейкъым. Абы щыгъуэ джэдым шатэ щІэпкІэн и пэкІэ, гъэдэ хьжьагъэ щІаудэри, тІэкІу щІагъэжьыхь, зэлащІэурэ. ИтІанэ шатэ щІакІэж. Хуэму зэІащІэурэ, зымащІэкІэ кьагъавэри, мафІэм кьэтрахьж. Шхыныгъэр пщтыру Іэнэм трагъэувэ пІастэ, е мэжаджэ, е мырамысэ щІыгъуу. Бжьыныку убаи Іэнэм трагъэувэ, зыІэпІэфым ар шыпсым хелъхьэ.

Джэдыжьым лыбжьэ къызэрыхащІыкІыр абыхэм къащхьэщокІ. Джэдыр кІэструлым иралъхьэри, псы тІэкІу щІакІэ, и щхьэр быдзу тепІауэ мафІэ мыгъащІкІэ ягъавэ, хьэзыр хъуху. АпщІондэку джэдым и дагъэр къыщІокІ, псыр щІоващІэ.

Бжьыныр щІыкІуу аупщатэри, шыбжий плъыжь и гъусэу, халъхьэ. ЗэлащІэурэ, ягъажьэ бжьыныр мащІэу плъыжь хьуху. ИтІанэ шыпс щІащІыкъ ищхьэмкІэ кьызэрыдгъэльэгъуа лІэужьыгъуэхэм яяыхэкІэ.

Шхыныгъуэр щащІкІэ халъхьэр: грамм 600-700 зи хьэльагъ джадыщІэм хуэзэу шатэ грамм 300, псыуэ стакан плІанэ (3/4), гуэдэ хьэжьгъэу зы бжэмышхьшхуэ, мыин быдзу быдзыньщхьи 2-3, шыбжий, шыгъу, джэдгьи зэрафІэфІкІэ.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхьжащ.

● ЦыкІуэхэм папщІэ

«Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ»

(Къэхъуа)

СИ АНЭШЫМ кьысхураша тхьэрыкъэутІым еплъыну-дУ» жиІэу хьэблэ сабийр кьыІэжсэат. Тхьэрыкъуэкэр зэрыс чы матэшхуэр хъуребгу э зэ-тІэу кьыІэхакІуХьа нужь, зы щІалэ цыкІым кьыхилъхьэри, абыхэм цІэ яфІэтщащ.

- Тхьэрыкъуэ анэм Катя фІэтщынщ. Абы и гъусэ тхьэрыкъуэхъум и щхьэм топ цыкІу тет хуэдэу щытщи, Щхьэтопкіэ деджэнщ, щыжьасІэм, псори арэзы хъуащ.

Тхьэрыкъ уэ зм сыдахьэхауэ ди адэм гу щыльитэм, кьыІэздэкэри кьыІэжиІащ, бзу кьесхуэкІыу уэрамым сыдуэвэкэрэ еджэным зы щІэзгъэкэ, зэрысхуымыІгъэгъунур. Ди адэм и псалъэ тІу эримыщІынур сщІэрти, а махуэм щыщІэдзауэ эи еджэным щІэскъуэщ. Сезыгъаджэкэри ди адэрэ кьысхуэарэзыІ Едж эным апхуэдэу сІэзэрегуГъум папщІэ, ди адэм тхьэрыкъуэ унэ схуищІри, джэду лъэмыІэсыну пщІантІэм дэт дэщхуэйм лъагэу кІэрыгІуІІащ. ИльэситІ зэкІэлъыкІуэм Щхьэтопрэ Катярэ тхьэрыкъуэх кьысхурашащ, иджы псори зэхэту 8 сиІэт. Ауэ Іуэхурабкъэ, кьашыргъэ гуэр кьеуасэри, шырхэм лъапсэрыхьэр кьахуигъэкІуащ.

Махуэ гуэрым школым сыкъызэдикІыжм, си кьэущ нэхъыщІэ цыкІур гъуэгъу ныспожажьэ:

- Чэрим, Щхьэтоп къашыргъэм ихьащ, - жеІэ абы и нэпсхэр щІилъэщыкІыурэ.

Ар си жагъуащ зэрыхьуар кьызыгурыІуа ди адэм, адэкІи зэрезгъэжьам хуэдэу седжкэмэ, тхьэрыкъуэ кьысхуищІэхуну сыкъигъэгугъэри, си гур фІы кьысхуищІащ.

ЕджапІэм кьащта унэ лэжьыгъэр згъэзащІэу пэшым сызэдыщІэсым, зэрыгъэжІий макъ зэхъэсэх. ЩхьэгъубжэмкІэ сыкьыдэпльмэ, ди анэр жьыхапхъэр игъэдалъэурэ, куэбжэмкІэ мажэ, гъунэгу сабийхэр мэкІий-мэфий. КьызэрыщІэкІымкІэ, гъуэльхьэжьауэ джэдыкІэхэм тепь Катя, Тхьэм ещІэ, псы ефэну кьыпекІат, къашыргъэм ирехужьэ. АрщхьэкІэ модрейм зыкьыІэримыгъэхьэу колхоз правленэм хэтт пэшыщхьэм и щхьэгъубжЕухамкІэ дольэтыкІри, лажьэу стІолым бгъэдэс Салмэ и куэщІым зредэз. Абы и ужьым кІэщІкІэ ятУ пэшым кьыщІэльэта къашыргъэр ахьшэ щахъуэ сейфым жьэхоуэри, и дамэр кьутауэ утыкум кьохуэ. Іэуэльауэр щызэхихьм кьуажэ Советым и унафэщІэр Салмэ дежкІэ щІыхьащ.

- Пльагъуэр, - жиІэ Салмэ, и куэщІым исымкІэ и Іэпэр ишийуэрэ, - къашыргъэм зыкъыІэримыгъэхьэу Чэрим и тхьэрыкъуэр пэшым кьыщІэльэтащ. Езы къашыргъэмэ кьыщыщІар мис уолЬрэ?

- Хуэфащэ дыдэр кьыщыщІащ. «Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ» псалъэжьыр абы иджыри зэ белджыльы тщищІащ. Дэри, щІыхуэм кьыгъэтщ апхуэдэ бзаджащІэ куэд. Ауэ гува-щІэхами абыхэми кьапэплъэр мы къашыргъэм кьыщыщІарщ. Модэ щІэфхи, пхъэнкІиІм хэвдэз, - жиІэри пэшым щІэнкІыжащ кьуажэ Советым и унафэщІыр.

ЯХГУАУЭ Берд.

● Нэщэнэхэр

Сабийр жейуэ дыхьэшхмэ

♦И жьымкІэ щхьэц нальэ кьыхэхуэмэ, хьыбарыфІ кьыпІэрыхьэну кьатьгэрт.
♦ Щыгъыныр зэгъэдзэкІауэ щыпІагъэмэ, зыгуэр кьыпхохьуэ жаІэрт.
♦Іэ щІыбкІэ псы кьиБгъэхьуэну фІыкъым.
♦ Сабийр жейуэ дыхьэшхмэ, шентІаныи егъэдыхьэшх жаІэрт.
♦ Уэсэпс кьемыкуэ нжу кьекІмэ, уэлбанэ хьунущ.
♦Уи набдзэр шхэмэ, Іэ уоубыд.

● ЖыІэгъуэхэр

Хущхъуэгъуэ зимыІэ уз щыІэкъым

★Пэжыр бакъуэр пэжщ, щІым теуВэмэ.
★Пэжыр къыбжаІуэ мыхъумэ, жьенЭу яфІфІкъым.
★ПщІым пэжу щІиХумар нанэм бжьыгъэу тельщ.
★КъуажэкІэм кьащыфІэщІам шэч лъэпкъ кьытрамыхьэжу кьуажаращм щагъэхьыбарыж.
★ Псэльафэ гуэр зимыІэ щыІэкъым.
★ Щхэу щыкІуу жьпІэну зы псальэр мэву.
★ ЖьыпІам нэхьрэ жьмыІам ухущІегъуэжмэ нэхьыфІщ: щхьэгъэщІэнщІ.
★ Зыгуэрым удэежуэн хуей хьумэ, уэрэдыр кьыхэх.
★ Псоми уэрэахэшу ухуеІмэ, щэху щыкІуу псалъэ.
★ Уи пІэм сыну уижьхьмэ, ухатІэжьну уежьжьнщ.
★ ЩытхъУм зумыгъэхьмэ, щхьэхьым укьелащ.
★ Дэхъэр узым нэхь къол, бэшэчым нэхьрэ.
★ Зэ сымаджэгъуэм узэрыузыншэ псор щщгъэгъунщэ.
★ Сымаджэм и Іэнкъльэпкыр кьоуэ, зи сымаджэм и лыр мэуз: ПІури сымаджэщ.
★ Узыр ажалым и лыкІуэщ, псэр гъусэ ещІри иожьхэ.
★ Хущхъуэгъуэ зимыІэ уз щыІэкъым, щымыІэр еІэзэнщ.
★Ди Іэр зыльэдгъэса мурадым дихуущІэкъуху ІэщІыб тпІар мынэхьафІу пІэр?
★ УмыщІэнІа щхьэкІэ зыгъэрибгъанэм хуэдиз ерыщынагъэ хэпльхьэмэ, узыпэмыльэщІ щыІэ?
★Сабийр бзэ зэхрагъэхымкІэ мэпсалъэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Псалъэжьхэр

Къахуимыш къашыргъэщ

●Жьыр щхьэукъуэрейщи, щІалэр джэгурейщ.
●Зи унафэ зымыщІыжыфыр унафэщІ макІуэ.
●И жьыпІр нэщІми, и гур гъэнщІащ.
●И псалъэ мылым тетхащ.
●Къахуимыш къашыргъэщ.
●НэрыбгеИм благъуэр гъуэм кьреху.
●Уеплъмэ, дахэщ, зэгуэпхмэ, банэщ.
●Хэпльэрей хэкІыжьгъуафІэщ.

НэщІ икІыжьгъуэу, Кьармэхэ хьэщІэ кьахуэкІуауэ, пщІыхьэщхьэм ефэ-ешхэу зэкъэст. Абыхэм ГъущІыпсэ я щхьэгъэрыпт: Абы хэту ку эбжюмкІэ зыгуэр кьыщыджащ.

- КІуэ, ГъущІыпсэ, зыгуэр кьдж эри пльэ! - жаІэри щІаГъэкІащ. ЩІэзыгъэкІар езы Кьармэхэщ.

Кьаджкар Сатушы Кьамбот:т Ар езыр цІыху залымт. ГъущІыпсэ хуэдэу, Кьамбот Кьэрэхву Хьэбыж и хьощІэ. Кьэрэхъу Хьэбыж и адэ ФІыщІэ генераЛу пащтыхьым и дзэм и унафэщІу щытащ, лабдзэсхэр гущІэгъуншэу зэтезыгъэсхьахэм яхэтащ.

- ЕІагъэ, Кьамбо т! - жиІэу ГъущІыпсэ абы щыбгъэдыхьэм, Кьамбот ефати, хьуанэу щІидзащ.

- СыщІыхьэнурэ Кьармэхэ зэтезыкІэнуш, машІэ щІауэ сыкьагъаджэрэ! - жиІэри, Кьамботыр унэмкІэ ежьащ. Унэм хьэщІэ щІэсти щІимыгъэхьэну , емыкІу иримыгъэщІэну ГъущІыпсэ абы щыпэувым, Кьамботыр зыхуеихэр арат - кьаугъэ кьэгъэхьеипІэти - и кьамэр кьрипхьу эгри ГъущІыпсэм епыджри иукІащ...

Кьамбот ГъущІыпсэр щІнуклІам и щхьэусыгуэу кьаІуэтэжьащ зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм жаІэ: ГъущІыпсэ апхуэдизкІэ лІы зэкІэлъыкІуэти зи пщІлІ Кьармэхэ нэхьрэ нэхь пщІэрэ щІыхьрэ иІэт. Я пщылым и лІыгъэм, и зэкІэлъыкІуэм Кьармэхэ я ефыгъуэжри, ГъущІыпсэр ирагъэукІыжащ. А хьыбарыр нэгъэущІуи жаІэ: ятэм Кьэрэхъуэ щІыхьышхьуэрэ фІэлІыкІышхуэрэ яІащ, пащтыхьым хуитыныгъэщхьэ кьаритауэ зыхуейр ялэжьу щытащ. Ауэ иужькІэ Кьармэхэ кьыдэуейри, Кьэрэхъуэ еныкъуэжьу хьуащ. Кьармэхэ нэхьыбэу кьыкІэжьыкъэгушхуэкІыр ГъущІыпсэ и лІыгъэрт. Абы кьыхэкІкІэ Кьэрэхъуэ я бейгуэл Кьамботым ГъущІыпсэр ирагъэукІащ. Апхуэдэу ГъущІыпсэр Кьэрэхъуэкэр Кьармэхэрэ яку икІуэщащ.

...Кьамбот ГъущІыпсэ кьамэкІэ епыджри дзэжьащ. Кьэрэхъуэ апхуэдизкІэ пелуантИ, кьихуауэ щІым щыпІэ и кІэтІийр и ІэмкІэ кьызэщІикъуэжри и ныбэм иритьхьэжащ. ПкІэльеІм тельу Кьармэхэ кьрхъэкІу и унэм щахьыжьм и щхьэм и уэрэдыр езым иусыжащ.

Дауи, нобэ уэрэдыр ди деж кьызэрысыжа дыдэм хуэдэу кьыщІэкІынтэхьым зэриусау я щыгър. Ауэ а у эрэдыр щІыхуабэм зэрызахьэу, езыхэм зэрафІэфІым хуэдэу зэхъуэжьныгъэ хальхьащ. Кьармэхэ ирагъэукІа хуэдэу, езыри щІилам иІль ищІэжауэ - Кьармэхэ я иукІыжауэ - уэрэдым хальхьащ.

Зытхыкар

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкущ.

● Къуажэхьхэр

НэкІущхьэпль плъыжьыбзэ

❖Лъэ макъыншэу къэзыкІухь, хьэщІэ кьихьэмэ, мэтэдж, къуэджами умыгъуэт.
❖Мазэм хуэдэу хъуренбзэщ, бзэгуу иІэр дагъэ защІэщ, щІым кьыхэщІмэ, дыгъэм хуоплъэ.
❖НэкІущхьэпль плъыжьыбзэ, зэзым хэпльхьэми узыс.
❖Нэхъыбэ кьинхьыу, нэхь ин мэхъу.
❖Небэ-кьебэу джабэм дэкІ.

Жэуапхэр:

Дзжэр. Сэхуэри. ШІыкІэкІ. Мэтэ. Бабэщ.

● Си хъуреягькІэ

Мылтку

КъАлЭМ хэпхъа тыкуэн кьомыр, унэ зэгуэт-зэтетышхуэр, и машинэхэр, и жыг хадзэр... зы кьуажэ есыфІ цІыкІум дэтЬин-дзэмылъынт кІнуукъулеяр - кьикъулеІуэ зыызытрИдгъэжкар.

Мы зи гугъу сщІы лІы тхъэпльпъ пшэрышхуэр жыжьэу мыхьымэ, сымыщІыхущэурэ екІуэкІырт. Ауэрэ нэхъ гьунэгъуэ кьызэоцІыху. КьызэоцІыхурэ, зэрызгъэщІэгъэунэр сшІэркъым: си гугъащ апхуэдизу мылтку зыбгъэдэлъыр нэхъ губзыгъэІуэу...

Акъыл былым и пщалъэкъым!

Гум и шыфэлІыфэ

Куэд щІат а щІалэр сэ зэрысцІыхурэ, лъжьыгъэкІи дыззэпыщІат. Сигу ирихьырт ар и псалъэкІи и Іуэхукіи. Икіи, апхуэдизкІэ сесати, сызэрыкІуари сигури сымыщІэжу и пащхьэм сыщикІэрахъуэ щыІэт. Езыри, апхуэдэу си деж кьыщІэмыхьэми, сыкІуэху, щІэщыгъуэ сыкъыщІыхьужрэ жьпІэну кьыхэзгуапэт.

Апхуэдэу екІуэкІыуэр, зыгуэркІэ и жагъуэ сощІри, кьызоокІуэкІ, схуэфащэри схуэмыфащэри кьызепэс. «КьыпкіэлъыпмыкІуэр укІэлъыкІуэнри ууейкъым- псалъэжьэри сигу кьеГъэкІыж.

СщІэркъым абы щыгъуэ кьызищІахэмрэ зэрызищІахэмрэ езыр хуэщІегъуэжами. Ауэ и хьэли, и Іуэхуи, и псалъи, и щхьи сэ сфІэдахэ абы зыри хэпльыжкъым - дакъикъэ закъуэм бзэ хащ апхуэдизэ зэманкІэ дяку дэпъа кьомыр.

Гум нэхъ ерыщрэ нэхь щхьэзыфІэфІрэ цІыхум и Іэпкъльэпкъым хэту кьыщІэкІынкъым: зыми зыкІи еплъыркъым, гур гум бгъэдэкІын хуэдэмэ!

Бзумрэ цІыхумрэ

Бзу лІэужьыгъуэ гъэщІэгъэн гуэр щыІэу жаІэ, щызекІуэкІэ, и лъакъуэ псычІуэ цІыкІуэмкІэ сУрэт дахэ дыдэ ищІу. Ауэ а сурэтыр зэи зыми илъагъуркъым - и кІэ кІыхь илъэфхэмкІэ трегъэкІыжк.

А къуалэбзу цІыкІУм ещхь цІыхуи цІыІэщ, кьыпхуищІэр зыми щымыщу игъэкІуэдыжу.

ХЬЭХ Сэфарбий.

● ГушыІэ

Абы и щхьэри яупсу пІэрэ?

ДИЗЫКЪУАЖЭ и щхьэр Нартыкъуэ къуажэ дэт щхьэщІэщапІэм щригъэупсырт. Сэр жану кьыщІэкІынтэкъымэ, хуабжьу игъэдзыхэрт, ауэ лІыгъэм зригъэхьырти, зыри жиІэртэкъым. Абы ирихьэлІэу узрамымкІэ щыд гуэр кьыщыкІиящ. Ар щыхэхихьэм, Дизыкъуажэ хуэмышэчыжу кьыщиудри жиІащ:

- А тхъэмыщІэмэ и щхьэр яупсу пІэрэ?!

Из хъуа щІыкІэ кьэгуэшыт

Я БЖЭНЫЖЬ закъуэм кьыщІэкІа шэ тІэкІур шыуан щІыкІукІэ игъэпщІтыр Хъуэжэ и фызым.

Шэр къэпщтыным нэблэгъауэ, шыуан щІыкІум из щІыхъу дыдэм Хъуэжэ кьыщІыхьжащ. Шэр шыуаным из хъуауэ щилъагъум:

- Нэхьыбэ хъуа щІыкІэ тхуигъахъуэт, щхьэгъуэ, - жиІэурэ Іэнэм бгъэдэтІысхащ Хъуэжэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.
2001 гъэ.

ФІыщІэ яхузощІ

СИ ИЛЬЭС 70 юбилейм теухуауэ я хъ уэхъукІэ зыкъыскъуэзыгъэза, газеткІэ, радиокІэ, журналхэмкІэ псалъэ гуапэ кьыскъужьызыІа, эЗущІэхэр, литературэ пщІыхьэщхьэхэр кьызэзыгъэпэща, езыгъэкІуэда - мы Іуэхум, мащІэми куэдми, зыгуэркІэ хэта псоми фІыщІэ яхузощІ.

ХЬЭХ Сэфарбий.

НапэкІуэщІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3.** Ашэмэз и адэр. **7.** Псы Іуфэхэм, псыпцІэхэм узыщІихьэлІэ хэкІыгъэ лъагэ. **8.** Бзылъхугъэ, хъыджэбз, ... **10.** Кьуалэжьхэр нэхьапэм зрадзэу щыта мащэ куу. **13.** Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ. **15.** Уафэм кьех мыІ тыкъыр щыкІу. **16.** «АдзкъэкІэу кьэгъэша, пхъэшыкъу тІэкІу фІэбукІэрэ, кьазышырыдзэ хуэдэу, дубзыкІмэ, ... жыхуаІэр аракъэ!» - нарт фызыжь Уэрсэрыжь и псалъэщ. **17.** Кьуажэдзэ куэд пщэдджыжь нэмэзым кьэзыгъэуш. **18.** ІэщІэвыщІэ гуп. **19.** Абы и макъ щымыІмэ, хьэгъэлІыгъэр дахэ. нэгуэгъэжь хъурэ? **20.** Диным зэрыжьІэмкІэ, цІыхум хуэзфІэмыкІыр зыІъэкІ бзаджэнаджэ. ЩІыІэу жаІэ щхьэкІэ, зыми иІъэгъуакъым. **22.** Дзыдзэ лъэпкъым щІыщ хьэкІэжъуэкІэ цІыкІу. **24.** Аруан районым щІыщ кьуажэ. **28.** Пэж, щэч зыхэмыльыж. Е мазэ .... **29.** КьуалэбзуГъащтуэ хадзэм ирагъэувэ. **30.** Шхынхэлъхьэ. **33.** Лъагэу дэщІея быдапІэ. **34**. «... фІэдахэр псэм фІэІэфІщ». **35.** ХьэгъуэлІыгъуэм фочыр зытраунащІэ, унэм щыщ Іыхьэ. **38.** ХъуаскІэ кьызыхих мывэ джей быдэ. **41.** Вакъэ лъапщэ кІыхь. **43**. ЛъэныкъуитІыр Іуэхукіэ зэпэзыщІэ. Фіыуэ зэрыльэгъуаитІыр зэІуэзыГъащІ. **44.** Пасэрей шыгу, щхьэ телъу. **45**. Іэш егъэзыпІэ. **46**. Шым и кІуэкІэ. **48.** Нэжжал хьэку цІыкІу. **49.** КІуэ пэтми, бжьиз зымыкІу. **50**. ЯфІэІэгуныхь хъум зэреджэ псалъэ. **51**. Нартыкъу гъэлІигъуа хьэжьигъэ. **52**. ГуфІэгъуэ зиІэм хуэгъэзащІэ ищІу псалъэ дыгъэл.

Кьехьу: **1.** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **2**. Анэкъиупхъу. **4.** Дзэлыкъуэ районым щІщ кьуажэ. **5**. Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ. **6**. Уэрэджьыкіуэ Іэзэу щытА, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист. **9**. Нарт бзылъхугъэхэм я гуащэ. **11**. Гъатхэм пасэу кьэлъэтэж кьуалэбзу. **14**. Зи кІуэцІыр нэщІ, купщІэ зэрымыпІъ. **15**. Зиусхьэн лъэпкъ. **21**. Щыр зэрагъэІэсэ кІапсэ. **23**. Жьы кьыщепщэ зэман. **25**.Джатэ лъэпкъ Іэщэ. **26**. Мэш хьэуазэ. **27**. Пкъо, щІэгъэкьуэн. **31**. Удзыкъ дэжей. **32**. ПТулькІэ, абдж. **36**. Мэзыш пхъэ кьипІанэмэ, др кьыздэпщтэн хуеИщ. **37**. Нартыкъу хьэжьигъэм кьыхэщІыкІа адыгэ шхынигъуэ. **39**. Зэш, зэунэцІэджэгъу. **40**. МахуэцІэ. **42**. Адыгэ драматург цІэрыІуэ. **45**. Щтырыгъу. **47**. Гъавэр щахьэж.

Зэхэзэлъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуауэгъуэм и 21-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1.** Сэтэней. **4**. «Гъащэгъащэ». **10**. Махъбсымэ. **11.** Болэ. **12.** Абей. **13**. Сарыкъ. **15**. «ПкІауэ» **16**. Вэщъуа. **20**. Джэримэс. **21**. Бжэкъалэ. **25**. Дунан. **26**. «ГугъапІэ». **27**. ГуфІэгъуэ. **30**. Ингуш. **32**. Льащэ. **33**. «ЩхьэлтетР». **34**. Епэрымэ. **35**. Ажэгъуэмэ.

Кьехьу: **2.** Тхъугъэ.**3**. Нэмыс. **5**. Щхьэцэ. **6**. Гъэса. **7**. Къэбыстэ. **8**. Псыхуабэ. **9**. Мейкъуацэ. **14**. «Рэмэзан» **17**. ЩхьэлІыкъуэ. **18**. Роман. **19**. БгъэІуп. **22**. Мыдрисэ. **23**. Щтамылэ. **24**. «ПшэжІэпІэ». **28**. Пащты. **29**. Гъатхэ. **31**. Щыхьуэ. **32**. Льагъуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Ш1ирдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадин**э (жэуап зыхь секретарь), **Жьлаэ Маритъ, Льостэн Муз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуащ1апІэхэм яДолжьэхьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэнагъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщІыхьа бжьгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэу щытекІым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощтэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щІымыкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м Щ1ихабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкі и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и политрафкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІыкІ щыІ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Дышэкі Соня, редактору Жылаэ Замир, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нат.)*, ПхъитІыкІ Юрэ *(1, 2-нэ нат.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Занрэ. *КомпьютеркІэ газетым и текІуэр зыщІащ:* Дол Маринэ, ГъукІэІ Рае, Щомахэу Марианнэ, *суРэттыщІ* Къарей Элинэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №2180